

Sèl Plas Bondye Founi Pou Adore

65-1128m

Life Tabènak, Shreveport, Louisiana, Etazini

Bonjou! M kontan isit la maten an. Epi nou kontan, n ap jwi gran kominyon sa a alantou ansyen chante lafwa sa yo. Nou renmen sa. Se pa vre? *Amèn* koral la. Se sa Li ye, Amèn, ou wè. Li gen dènye mo pou l di.

2 Mwen te chita la pou m pale ak ansyen zanmi m lan, Frè Brown, pandan yo t ap chante kantik yo. Epi li te di: "Frè Branham, mwen pa t janm wè sa w t ap pale a jouk yè." Li te di: "Si moun yo ta ka jis antre nan sa w ap pale a," li te di, "tout obstak ta deplase sou chemen an." Se egzakteman sa. Se vre. Se egzakteman laverite. Si ou te ka jis sezi L, si ou te ka trape Li. Ou wè?

3 Map pale ak ti zanmi m, Ernie Fandler. Mwen devine kèk nan nou ki branche sou telefòn yo pral sonje Ernie, ki jan li te konvèti, ki jan yo te kondwi l vin jwenn Seyè a. Li pa pale angle byen, oswa mwen ta renmen fè l vin di yon mo. Epi li melanje tout *nou* ak *W li yo*. Li t ap mande m si m sonje tan kote l abite a, se te nan Shawano. Nonm3 lan te mouri drèt nan reyinyon an, li te tonbe tou mouri sou chèz li, li te Literyen. Nou te fè tout moun rete trankil. Nou te pwononse Pawòl Seyè a sou li, li te retounen a lavi, epi li te retounen drèt nan travay li. En –en. Yo pa janm remèt yo de sa, yo vle nou tounen ankò.

4 Mwen te konprann ke nan Lafrans, maten an, gen pi bon pase de mil franse nan yon jèn plizyè jou, ke nou pral vin pote Mesaj la bay Lafrans, an Frans. Tout nasyon Pwotestan an, pati Pwotestan an nan peyi Lafrans. E konsa nou se...

5 Li fèk kòmanse fleri kounye a, fèk kòmanse, bal la ap rale kò l pou ble a ka tabli deyò a la kounye a. Ou wè? Kifè jis rete reveran, kontinye priye. Ou wè? Sonje, "Moun ki mete konfyans yo nan Seyè a, renouvre fòs yo."

6 Kounye a, gen... mwen te... vin granmoun, epi mwen te panse : "Èske m ap... Èske ap gen yon lòt revèy, ke m ap wè yon lòt epòk?" Epi jis sonje, nan Iwès la gen yon kavalye k ap vini sou yon chwal blan. Nou pral pakouri sante sa a ankò. Se vre. Osito ke nou pare. Se yon pwomès, ou wè.

7 Kounye a, m vle di Frè Leo... M t ap pale de Frè Wood yè swa, frè l la ki te isit la. Frè Leo, si ou menm ak ti gwoup ki branche la maten an; Sè Mercier, papa w isi a la. Mwen te wè l yè swa. Li alantou isit la nan bilingnan yon kote, e li parèt anfòm epi li an penpan.

8 Nan maten li te geri nan tabènak la, te gen de gwo ka kansè, vrèman pwòch lanmò, e yo tou de te geri. Epi papa l, yon nonm aje ki te gen yon kriz kadyak, te transpòte nan laglwa Bondye. E li nan reyinyon an isit la yon kote. Mwen pa ka wè l nan mitan foul la kounye a, men li te isit la yè swa.

9 Bonjou pou nou tout ki toupatou nan peyi a; isit la nan bèl plas sa a, nan Life Tabernacle isit la nan Shreveport, ak yon foul moun ki kwense nèt pou yon Lekòl dimanch. Ou konnen, si mwen te rete nan Shreveport, pa pou m di anyen kont pèsonn, men se ta kote mwen t ap vin legliz, isit la nan Life Tabernacle la. Sa a se pa yon denominasyon. Life Tabernacle la, jodi a, se yon tabènak entèdenominasyonèl. Yo soti nan denominasyon an paske yo te aksepte m ak Mesaj sa a mwen preche a. Frè Jack Moore, frè m ak zanmi m, yo te retire l nan denominasyon yo paske li asosye avè m. E kifè mwen panse ke li merite kèk kredi. Se vre. Bondye beni l. E kenbe men li nan lapriyè, epi kwè avè l.

10 Epi kounyeya, Sè Moore, mwen pa wè l okenn kote, li, wi, tounen isit la, li sanble ak yon ti fi ki te chita la a maten an, tou byen abiye, tou nèf, e sa jis sanble ak yon kostim pou Pak. Epi li sanble ak... Frè Jack pat menm konnen li limenm. Bon, kounye a, Sè Moore!

11 Se sèten madmwazèl Anna Jeanne ak Don, yo tout manke nou. M kontan rankontre Frè Nolan... youn nan asosye isit la.

12 Epi Frè Ernie, yè mwen te mande l si li ta chante *Amèn*. Mwen genyen l nan yon anrejistreman, epi mwen magane bagay la jis tèlman m tande l, *Amèn*. Mwen panse li gen yon

vwa pou sa; li bat nenpòt nan yo. Epi ti Judy, mwen remake li; toulede, yo sanble jis tankou frè ak sè. Èske se pa vre? Yo se mari ak madanm. Gade yo chak, ou wè, franchman yo jis sanble egzakteman. Ou wè? E se reyèlman yon bèle ti koup. Sa se, ou konnen, sa se... Frè Palmer ki fèk monte eskalye an lò yo, sa se ptit fi li ak bofis li. Epi sa a se... Li se sètènman yon kontribisyon nan bòn fason li leve yon timoun. Epi li gen lòt moun tou, minis ki marye tou, e sila yo se evanjelis yo e ki sou teren yo, ak lòt moun. Kifè se jis mayifik.

13 Mwen poko wè Sè Palmer. Vrèman, mwen pa konnen si m t ap rekonèt li si m te wè l, ou non. Li se, petèt, yon kote (natirèlman) nan reyinyon an. Jouk dèyè nèt; Bondye beni w, sè Palmer.

14 Kè mwen tranble chak fwa mwen panse a sa. Frè Palmer te fèk monte mach yo pou kèk minit, jiskaske mwen te resevwa mesaj ke li te pati. Mwen jis pa t kapab kwè sa. Billy te rele m, epi yon moun te kenbe... epi yo te konnen. Nou te tèlman bon zanmi, e pou nou konnen ke li te pati, se te vrèman yon sekous. Men nou tout gen pou pati, kèlkeswa ki moun nou ye a, nou dwe ale youn pa youn. Men gen yon sèl bagay, "Ann tande konklizyon tout bagay la: Gen krentif pou Bondye epi respekte kòmandman I yo, paske sa a se devwa tout moun," Eklezyas 12.

15 Kounye a, mwen pa gen twòp tan pou leson lekòl dimanch sa a, e mwen anroue.

16 Ann di, Frè Pearry Green fè yon bagay nòb. Li te tande m di, yè swa : "Mwen te manke ti moso cheve m lan pou kenbe m..." Li te rele laba a epi li te eseye jwenn yon moun pou fè l vole vin jwenn mwen. Mwen te di : "Ou vin twò ta, mwen deja fin anroue." Mwen te eseye pandan plizyè lane pou m jwenn yon solisyon, men lè mwen te resevwa sa, li te geri li. Men mwen te bliye li fwa sa a, kidonk mwen yon ti jan anroue. Kifè si nou vle, sipòte m pandan m ap pale a.

17 Bon, konbyen moun ki renmen lekòl dimanch? O, la la, se byen. Se yon bon bagay kote pou nou voye ptit nou. Non, kite m korije sa, se yon bon bagay kote pou nou *mennen* ptit nou. Se vre, *mennen* ptit nou; nou dwe vini tou. Konbyen moun ki konnen ki jan lekòl dimanch nou an te kòmanse anvan? Ki kote li te kòmanse? Angletè. Kijan li te rele anvan? *Lekòl an ranyon*. Se sa, yo te rele I, "Lekòl an ranyon." Kòm mwen bliye non nonm lan kounye a ki te fonde I la. Ki jan I te rele? [Yon moun di, "Robert Raikes." — Editè a.] Se sa, egzakteman sa.

E li te ranmase timoun yo nan lari a (yo te an ranyon, yo pa t gen okenn kote pou y ale, e sa te trè di), epi li te fè yo antre yon kote epi li te kòmanse ba yo lesson sou Bib la. Epi sa te grandi pou I vin youn nan pi gwo lòd legliz ki genyen, prèske, jodi a, nan lekòl dimanch. Li bon pou n ale. Asire nou ke nou vini, mennen timoun nou yo. Mwen panse ke tabènak la gen pwofesè, chanm ekipe, laj, elatriye. Epi nou menm nouveau konvèti ki fèk vin jwenn Kris, suiv Mesaj la tou dwat; Vini isit la nan Life Tabernacle la, epi yo va fè nou byen.

18 Bon, aswè a nou pral gen yon liy priyè a lansyèn mòd. Nou pral jis priye pou malad yo jan nou te konn abitye fè a, frè Jack ak frè Brown.

19 Mwen sonje mwen te wè Frè Brown ki t ap eseye bay kat lapriyè sa yo, epi kijan li te yon minis li menm, epi nan epòk sa yo, nan yon òganizasyon ki ta, yo, te mete presyon sou li, ou konnen, "mwen—mwen se frè w nan bagay sa," ou konnen. "Ou dwe mennen m laba." O, se sèten li te gen yon moman difisil, men li te jis rete fidèl osi fidèl li te ka ye. Frè Brown se yon bon gason. E kifè nou renmen li.

20 Epi kòm mwen wè nou tout, nou twa, ap vini, ap trennen nan direksyon pou vin granmoun, nan fen an. Se pral yon bagay trè tris si nou pat mete gran bagay sa a nan nou, sa nou konnen ki se Laverite. Nou jis fikse pou nou retounen youn nan jou sa yo, retounen pou nou vin jenn gason ankò, pou nou pa janm...kò nou transfòme, fèt nan resanblans Li pou kanpe debou. "Paske lè tabènak tè sa kote nou abite a fin fonn, gen youn ki déjà ap tann."

21 Epi pati kote nou gen rekonesans lan, chè zanmi, se ke chè Senyè Jezi a...Nou menm ki fè m konfyans pou m di nou Laverite; chè Seyè Jezi a, yon maten vè anviwon uit è, te kite m wè Tè sa a. Bon, se pat—se pat yon vizyon; men mwen pa vle di sa. Kèlkeswa sa li te ye a, li te jis osi reyèl menm jan m ap pale avèk nou isit la. Bon, mwen te wè figi moun sa yo, e mwen pat kapab rekonèt yo, yo te retounen jèn ankò. Epi yo te jis reyèl tankou... Mwen te kenbe men yo ak bagay sa yo. Jis osi reyèl...

22 Epi sa te ede m, paske mwen te konn gen yon lide: lè yon moun mouri, jis nanm li ki ale. Men lè Li te site sa pou mwen, ke "Si tabènak sou tè a kote nou abite a se ... nou déjà gen youn." Ou wè? E nou dwe gen tout bagay an twa, pou fè yon pèfeksyon. Ou wè? E gen yon kò isit la, answit kò sa a ki laba a ki se kò selès la--la, epi answit kò glorifye a nan rezirèksyon

an. Ou wè, sa fè li konplè. Ou wè? Donk se yon...Se pa yon mit, se pa yon lide, se pa yon lespri. Li se yon nomm ak yon fanm tankou jan nou ye a, jis egzakteman.

23 Epi apre sa, kèk lane pase, mwen te wè rejyon moun ki pèdi yo, epi mwen te la. M ap di ou, zanmi, kòm yon granmoun, kite m konvenk ou sou sa a, atravè peyi a maten an, pa janm anvi wè kote sa a. Pa gen okenn fason ditou ke mwen te kapab ... si mwen te yon atis ak yon bwòs mwen pa t ap kapab pentire foto a. Kòm yon minis, mwen pa t ap kapab dekri l ba ou. Y ap pale de yon lanfè ki yon kote k ap boule, li yon milyon fwa pi mal pase sa, laterè ki akonpaye sa.

24 Epi Syèl la...oswa kote sa a, kèlkeswa kote l te ye a, mwen pa konnen ki jan pou m rele l. Li te fè referans ak li la kòm "nanm yo ki anba lotèl la". Men lè sa te fèt, mwen pa janm...Pa gen okenn fason pou eksplike kijan sa gran. Genyen...Koulye a, ou jis dwe pran pawòl mwen, mwen se jis yon nomm. Ou wè? Men vizyon sa yo ki toujou vini pase jis jan mwen te di ou, epi ou konnen yo tout te vre, *ki* se vre tou. Kèlkeswa sa ou fè, si ou manke tout lòt bagay (sante, fòs, vizyon ou, kèlkeswa sa li ye), pa manke Sa. Pa gen anyen ki ka konpare ak li. Se...Pa gen okenn—pa gen okenn mo nan lang angle a, ke mwen konnen, ki ta ka eksprime li. Si ou ta di "pafè," li pi lwen pase sa; "sipèb," li—li pi lwen pase sa; "siblim,"...Pa gen okenn—pa gen okenn mo ke mwen konnen ki te kapab eksprime li, paske se te konsa... Epi alò, panse, sa a se pa la fen l ankò. Mwen te panse, "Mwenmenm ki te pè vin nan sa a?"

25 Mwen di: Èske ou manje?

26 Li di: "Pa isit la. Nou pa manje isit la, men lè nou tounen sou tè a, n ap resevwa yon kò nou ka manje ladan l.

27 Ebyen, mwen te ka santi yo. Yo te jis tankou sa. Ou wè? Epi yo... Mwen di: "Ebyen, ou gen..." O, wi, yo gen yon kò. Se pa yon mit senpleman, se yon kò. Nou youn konnen lòt. Yo tout te konnen m, yo t ap anbrase m, plizyè milyon ladan yo.

28 Epi mwen di: "Ebyen, mwen vle wè Sila a Ki mennen m la a."

29 Li di: "Ou pa ka wè L kounye a, ou dwe tann."

30 Mwen di: "Poukisa ou mete m sou... anwo isit la?"

31 Li di: "Ou te yon lidè nan lavi."

32 Epi m di: "Èske w vle di yo tout se Branham?"

33 Li di: Non! Se moun ke w konvèti yo pou Kris." Ou wè?

34 Mwen te gade toutotou, e alò tout nwit difisil yo, ak eprèv yo, te pase, lè mwen te kapab wè figi yo. Yon jèn fi te kouri moute la, youn nan pi bèl fanm yo, epi li te jis jete bra l alantou mwen, epi li di : "Presye Frè." Epi lè li te pase... Bon, li te yon fanm. Kidonk... Men la a, p ap janm gen peche. Ou wè, glann nou yo chanje la. Yo p ap elve timoun ankò, la a. Ou wè? Ou wè, tout menm bagay la.

35 Ki sa ki fè diferans lan, sansasyon an. Se rezon sa a mwen pa kwè nan danse sou pis de dans. Pa gen moun... Mwen menm, devan Bondye ak Bib mwen an, mwen viv pwòp, menm jan sa a pandan tout lavi mwen lè mwen te yon ti gason, pandan tout jèn aj mwen kòm gason. Nenpòt ti fi mwen te janm soti avè l, mwen ka mache tounen dwat devan Tribunal Jijman an avèk li. Ou wè? Men pa gen okenn gason, mwen pa okipe m ki moun ou ye, ki ka kite yon fanm (nan fason yon fanm fèt) anbrase li tou pre ou; si ou se yon nonm ki an sante vre, gen yon sansasyon. Men pat gen sa la a; pa gen glann. Nou tout se menm glann lan. Ou wè? Jis pi, lanmou ant frè ak sè san rezèv, plis pase sa li ta dwe pou ou...menm pou ou...anbrase pwòp ti ptit fi ou. Ou wè? Pwòp ptit fi ou, poutan li fèt... li se fi epi ou se yon gason. Ou wè, sa te kapab kreye yon bagay; men La a li pa kapab, peche fini, tout bagay fini. Ou wè? Vrè... jis reyèl, Lanmou sen.

36 Epi mwen te gade fanm sa a. Te gen ... te sanble te gen dè milyon ladan yo la a, epi yo tout te gen cheve long, ak rad blan desann jouk anba pye yo. Epi—epi Moun sa a ki t ap pale avè m lan, li di: "Èske ou pa rekonèt li?"

37 Mwen di: Non.

38 Li di: "Li te nan katrevendizan yo lè ou te mennen I bay Kris."

39 "Gras enfini, ala son an dous." Ou wè? Jis pa gen okenn fason pou janm eksplike sa li ye. Jis pran pawòl mwen si ou kwè mwen. Asire w ou fè... boule chak pon nan mond lan dèyè ou.

40 Mwen kwè legliz la kòmanse tande Mesaj la, e li kòmanse konprann. Men, zanmi, koute, nou dwe blayi nan Prezans Pitit la, nou dwe rive a matirite. Lafwa nou—nou pa mi. Entelektyèlman n ap tande Mesaj Bondye ban nou an, epi nou wè siy Li montre nou yo, epi Li

pwouve li pa Bib la, li la, men, o, ala legliz la bezwen blayi nan prezans Li jiskaske li vin atandri, ou konnen, epi li vin dous nan Lespri a pou li ka benyen. Pafwa lè w ap pale de Mesaj la, ou vin di, ou oblige kraze I konsa, paske ou oblige sere yon klou pou w kenbe I. Men lè Legliz la sezi Li yon fwa, yo rele Eli yo epi yo separe yo, lè sa a nan Prezans Bondye a, mwen konnen se pral yon bagay tankou moun yo te La lè Li pran Anlèvman L..

41 Mwen te pral pale maten an sou *Anlèvman An*, men mwen jis pa gen ase vwa pou m fè sa, e konsa jis sipòte m yon ti tan. Sa mwen vle pale sou li a, sijè a se: *Sèl Plas Bondye Founi Pou Adore.*

42 Bon, se yon gwo kokenn tèks. Kifè annou priye kounye a. E atravè tout peyi a maten an, kèlkeswa kote ou ye a, bese tèt ou jis kèk moman. Se pou nou vrèman sensè kounye a, n ap apwoche Pawòl Bondye a, ki se Bondye nan fòm lèt.

43 Gran Otè Liv sa a: "Se yon Semans," yo anseye nou, "ke yon semè te seme, `` se sa Otè a te di. Kounye a, nou reyalize ke yon semans ap grandi si li nan bon kalite tè a. Kidonk, Papa, èske W ap wete nan kè nou maten tout raje ak pikant, ak enkredilite, ak panse septik yo; pou Pawòl Bondye a ka grandi lib, wouze pa Lespri a nan kè nou, pou nou kapab vin pèp Bondye a. Akòde li, Papa. Se kè nou. Non sèlman pou nou menm ki te rekonèt sa, men ke gen lòt moun nan tout peyi a, kè yo chak boule ak lanmou ak tandrè, pral eseye gaye frè ki pèdi a, sè ki pèdi a. Akòde li jodi a, Bondye. N ap gade nèt sou Ou, paske Ou se Gid nou ak Seyè nou. Kifè nou priye pou W dirije nou nan Pawòl Ou jodi a, epi ban nou nan benediksyon Ou yo. Se atravè gras Ou epi nan Non Ou nou mande sa. Amèn.

44 Kounye a, ann pran pou sijè nou an... Mwen vle li nan Liv Detewonòm, Ansyen Testaman an, jis pou yon seri Ekriti. Mwen gen kèk nòt mwen te ekri byen vit apre mwen te retounen sot nan manje maten ak Frè Vayle.

45 Mwen pa t janm rive remèsye mesye ki te nan otèl sa a... restoran sa a lòt jou swa, ki te peye pou nou—pou soupe nou an. Madanm mwen ak mwen ak ti fi mwen an te la, epi lè mwen te ale peye bòdwo mwen an, yon moun te peye li. Nenpòt Kiyès li te ye, mwen di ou mèsi. Li di: "Nonm ki te chita sou bout ban an." Natirèlman te gen yon gwoup antye la ke nou te konnen. Koulye a, mwen... yon kalite Kickapoo, yon bagay tankou sa, kote ki deyò isit la, restoran nou te ladann lan. Mèsi, nenpòt moun ki te fè sa. Nou chak, Bondye beni nou.

46 Kounye a, nan Detewonòm chapit 16 la, se fèt pak la. Kifè nou swete li apeprè kèk nan premye vèsè yo, kat oswa senk, sis premye vèsè yo isit la.

Obsève mwa Abid la, epi fete fèt Pak la... (Sa vle di "Avril")... Seyè a, Bondye nou an, paske nan mwa Abid sa a, Seyè a, Bondye nou an, te fè nou soti kite peyi Lejip nan mitan lannwit.

Se poutèt sa, w a ofri sakrifis fèt pak la bay Seyè a, Bondye nou an, nan mouton yo ak bèf yo, kote Seyè a va chwazi pou mete non li a...

Ou va manje pen san ledven an nan li; sèt jou ou va manje pen—pen san ledven an, kote, ... ou ki te soti kite tè peyi Lejip la an prese: ... w a sonje jou a--a lè ou ki te soti kite peyi peyi Lejip la tout jou yo nan lavi ou.

Pandan sèt jou, yo p ap janm wè pen san ledven nan tout peyi a; ni p ap gen anyen nan lachè bèt, ke ou te sakrifye premye jou a nan aswè a, ki rete tout nwit lan jouk denmen maten.

Ou pa ka ofri sakrifis pak la nan nenpòt nan pòtay yo, ke Seyè a, Bondye a ba ou a:

Men, nan plas la ke Seyè a, Bondye ou la te chwazi pou l mete non l lan, la ou va touye bét w ap ofri an sakrifis pou pak la nan aswè, lè solèy la ap kouche, nan sezon an ou vin soti kite peyi Lejip.

Kounye a se pou Seyè a ajoute benediksyon li yo nan lekti Pawòl li a.

47 Kounye a, èske mikwofòn yo gen yon flou ladan l? Yè swa mwen tande yo te genyen. Èske ou ka tande byen, toupatou? Ou pa ka tande. [Frè Branham ajiste mikwofòn lan—Editè a.] Èske sa pi bon? Èske sa a pi bon, si m pale ak mikwofòn yo desann konsa? Mwen jis yon ti jan anrwe, donk mwen kanpe toupre maten an pou objektif sa a, e mwen espere ke Frè Pearry ka—ka resevwa l deyò a. Èske ou ka tande tout bagay kounye a? Mwen panse ke yo te ranje l. Trè byen.

48 Kounye a, pla-... Bagay mwen vle pale sou li maten an se ke Bondye gen yon sèl kote adoratè a kapab rankontre Bondye, yon sèl kote. Pandan tout laj yo, anpil moun te chèche kote sekrè Bondye sa a, atravè tout laj yo. Menm Jòb te vle konnen ki kote L te rete, "Si mwen

te kapab ale lakay Li epi frape pòt Li.” Jòb te vle jwenn kote Bondye rete a, paske se la yo venere Bondye ansanm ak fanmi Li.

Sè Huguette 49-105

49 Tankou yè, nan messaj la yè maten, nou dekouvri ke li posib pou yon moun adore Bondye an ven, avèk adorasyon sensè. Bondye regle tout bagay sa yo pou nou, men sa ki rive se ke, nou dwe chèche pou n jwenn ki kote yo ye. Pòl te di Timote pou chèche, e pou-pou nan sezon ou pa nan sezon, prè pou bay yon-yon-yon pawòl oubyen...de lespwa ki te nan li a.

50 Kounye a, tout bagay sa yo andedan la. E nou trouve...Kèlke fwa m ta renmen vini Shreveport kote nou jis gen environ de ou twa semèn jis pou pran trant minit yon nwit e sèlman pou ansèyman, wè, jis rete drèt nan Pawòl la, pasaj sekrè sa yo, wè, kote nou kapab dekouvri kijan pou nou rantre ladan I. E w jis gade, ou swiv direksyon Bondye, gen jis yon sèl kle pou chak pòt. Se vre. E okenn lòt kle, pe enpòt konbye li sanble avè I, Bondye pa gen yon kle eskelèt, jis gen yon kle. E bon, ou dwe gen kle sa, oubyen pòt la pa p louvri. Pe enpòt konbyen ou sensè, malgre sa ou pa p kab debare pòt sa.

51 Bon, konbyen moun te nan dejene yè, lòt maten an? Trè byen, m panse majorite, o mwen katrevé dis pou san nan nou, ou plis. Pou kore sa, sa ke m pral di a, David te yon rwa wen (wenn pa Bondye), pi gran rwa ke Israyèl te janm genyen, an deyò de Senyè Jezi (ki se Bondye) Wen an. David se pitit Li, oubyen, Jezi te Pitit David selon linye li, nan lachè. E li dwe chita sou tron David an tan ke eritye, menm jan ke prens la toujou erite tron rwa a.

52 Remake, kounye a, David te wen, poutan ak onksyon an li te fè, li te ale an deyò de volonté Senyè a avèk onksyon sa; e tout pèp la, pa swiv kous Ekriti a oubyen kle pou revelasyon sa, yo tout te wen tou, yo tout, ansanm, pouse kri e louwe Bondye pou yon bagay ki te parèt egzakteman korèk : pou ramne Pawòl Bondye a retounen lakay Bondye a. Men david te yon rwa, pa yon profèt. Wè? Li...Te gen yon profèt nan peyi a atravè lekel pou sa fèt , e Bondye te dezonore tout mouvman paske yo pa t janm itilize bon kle a. Pòt la pa t debare. E kounye a nou dwe sonje sa, e gade sa nan lespri nou. Gen yon...Tout bagay Bondye, dwe fèt nan yon sètèn fason, e se tou. Bon, la Bondye gen yon Legliz kote li rankontre moun yo, e Li pral resevwa w nan Legliz sa a e pa nan okenn lòt legliz.

53 M te di sa paske yon pakèt fwa sa m di yo mal entèprete, e moun yo te di m...

M di, “Èske w se yon Kretyen?”

“M se Batis”

“Ou se yon Kretyen?”

“M se Metodis”

“Ou se yon Kretyen?”

“M se Pannkotis”

54 Bon, wè, sa pa vle di anyen pou Bondye. Ou jis ap kontinye ak move kle a. Men gen yon kle ki kòrèk, gen youn kote ke Bondye...Bondye pa t janm promèt pou l rankontre w antanke Metodis, oubyen antanke Batis, oubyen antanke Pannkotis, oubyen okenn lòt denominasyon. Li pa menm konsidere denominasyon yo, yo a lankont Li.

55 Nan Mesaj long sa, m pral pote L nan asanble a trè byento. E answit Frè Jak pral tande L, e answit ou va wè kisa w vle fè avè L, paske L pral sou band.

56 Bon, moun yo aji kòm si Bondye rankontre yo sou baz tewoloji yo a. Bon, moun yo aji konsa. Yo pa p menm asosye youn ak lòt. Trinitè Pannkotis yo pa p asosye ak Initè yo, non pli Initè yo pa p asosye ak Trinitè yo. Metodis pa p asosye ak Batis yo, paske youn se yon legalis e lòt la se yon Kalvinis, alò yo pa gen fratènité ditou. E yo anbobine lespri moun yo si tèlman ke yo monte yo youn kont lòt.

57 M t al priye, kèk tan pase, nan yon chanm lopital. Te gen yon dam ki te kouche laba vrèman malad, li ta pral sibi yon operasyon, yo te atann aske louri. Yon lòt dam te kouche la (M te resevwa yon apèl pou priye pou li), m te di l, “Sa t ap deranje w si m priye jis yon moman?”

58 E li te di, “Tire rido sa!”

59 E m te di, “Eskize m.” M te di “M te jis ta pral mande lapriyè.”

60 E li te di, “Tire rido sa!”

61 M te di, “Wi, madam.” Li ak tout pitit gason li an te chita la, menm ti aparans *Ricky* abityèl. E m te di, “Ebyen, se pa yon kretyen w ye?”

62 Li te di, “Nou se Metodis!”

63 Te di, “Ebyen, m pa t janm mande w sa, M mande w si w se yon ‘Kretyen.’ Wè?

64 E alò li te di, “Tire rido sa!”

65 Wè, paske yon moun ki pa t yon Metodis ta pral ofri lapriyè pou yon madanm ki t ap mouri, li ki te nan menm sitiyasyon an tou. Men paske I pa t asosye ak pwòp òganizasyon li an, li pa t menm vle tandem I oubyen gen anyen a wè avè I. Si sa se pa Farizyen, M po ko janm wè youn!

66 Tann jiskaske w tandem *Tras Sèpan an*. Huh. Trè byen. Bon, panse kounye a ke denominasyon yo a se sèl gress ki anrejistre ak Bondye : “Bondye pa p tandem w sof si w se yon Metodis, oubyen yon Batis, oubyenyon-yon Trinitè, oubyen yon Initè,” oubyen yon bagay konsa. Se mal!

67 E se objektif mwen ; men si gen tèlman yon-yon dezi nan lespri moun yo a nan kè yo pou yo korèk...M pa kwè fi a te fè I paske ...oubyen nenpòt ki lòt moun. Yon Metodis pa t ap leve pran defans legliz Metodis paske li-li konnen ke I pa bon. Nonm lan panse li kòrèk. M pa kwè yon Trinitè ta kondane yon Initè, oubyen yon Initè, yon Trinitè, nan Pannkotis, paske I vle diferan, li panse I kòrèk, e w dwe respekte lide I. Ou konnen, yon dra tire sou de bò. Men, sonje, nan tout sa, si gen yon bagay nan kè yon gason ou byen nan kè yon fi ke yo kwè ke sa “kòrèk,” alò dwe gen yon kote ke sa kòrèk. Jan m te di I souvan, “Lè gen yon pwofondè k ap rele pou yon pwofondè, dwe gen yon pwofondè pou reponn a apèl sa.”

68 Ou konnen, nou aprann ke-ke yon lous lanmè te mache sou bò lanmè, avèk pye I. Men kounye a li pa gen pye, yo chanje an pye palme paske I kab...li te bezwen pye palme lè li te kite tè a, yon bèt ki kouvri ak fouri, pou ale nan lanmè; lanati fòme pye palme pou li olye de pye I yo,’ afen ke I kapab naje plis ke I te fè lè I ap mache.

69 M pa kab raple m de gran nonm sa kounye a ki te ale nan Pol Sid. Kijan I te rele? Byrd. Yo di ke I t te fabrike manto pou kèk vach, nan ekspozisyon sa; ke I te pran vach la pou lèt. E I fè manto fouri pou anpeche vach sa yo glase opwen pou yo mouri. Men lè li rive laba a, yo pa t bezwen okenn manto, lanati te pouse youn pou yo. Wè? Poukisa? Avan te gen yon najwa sou do yon pwason, te dwe gen yon dlo pou li te kab naje sinon li pa t ap janm gen yon najwa. Gen...Avan ke te gen yon pyebwa ki pouse nan tè a, te dwe gen yon tè an premye pou li te kab pouse ladan I, sinon pa t ap gen pyebwa.

70 Alò, ou wè, osi lontan ke gen yon bagay nan kè lòm k ap rele pou yon bagay, dwe gen yon bagay deyò a pou reponn, pou satisfè apèl sa.

71 Yon fi...yon otropsi te fèt kèk tan pase sou yon fi ki mouri. E rezon an, yo-to te deklare, ki touye I, li manje jis zonyon kontinyèlman, tout tan. Si li pa manje zonyon, tèt li te kòmanse grate I, e tout kò I; yo pa t kab konprann. Alò pandan ke yo t ap fè otropsi a, yo dekouvre yon boul nan kèk sòt selil fi a; yo gen yon-yon non pou li. E yo te kab pran boul sa e mete I nan

yon bòl zonyon, e li fonn zonyon an pandan nwit la. Wè? Kisa sa te ye? Se te yon bagay nan fi a ki t ap rele pou zonyon, e si pa t gen zonyon pa t ap gen boul.

72 Pou di otreman, dwe gen yon Kreyatè an premye, avan ke gen yon kreyasyon. Wè?

73 Bon, si nan kè lòm gen yon soupi...Tankou Metodis, Batis, Presbiteryen, a Katolik, tout lòt sa yo, ap eseye trouve sèl vrè chemen sa, e prêt yo ak paste yo di yo, elatriye, ke, "Sa se vrè chemen an." Yo di, prêt la di, "Pa gen Sali an deyò de legliz Katolik."

74 Ebyen, chak legliz pran...pwòp lide pa yo. Kèk ladan yo pa p admèt li, men yo fè sa pa aksyon yo. Aksyon w pale pi fò ke pawòl ou. Se jis yon...Nan ka kontré, yo jis plis yon ipokrit ke Katolik la ye. Katolik la konfese toudeswit, "M kwè ke sa se sèl bagay la," men yo pa p fè sa. Yo kache l, men aksyon yo prouve sa yo panse. Wè?

75 Bon, dwe gen yon plas, paske gen yon desi nan kè lòm pou jwenn Li. E m panse ke Pawòl Bondye a se repons pou tout bagay ke nou bezwen. Alò Bondye gen repons la, e ann chèche I kounye a nan Ekriti yo. E alò Bondye pral montre nou pa Ekriti yo sèl plas, sèl tèren (sèl denominasyon, si se sa), sèl fason ke Bondye pral rankontre yon moun, answit nou sipoze akroche nou a sa paske nou jwenn Laverite nan Bib la, sa L di.

76 Bon, mo *Deteronòm*, mo a li menm vle di "de lwa," mo Deteronòm la. E Bondye gen de lwa. De lwa yo : youn ladan yo se dezobeyisans a Pawòl la, e mouri; e lòt la se obeyisans a Pawòl la, e viv. Sa se de lwa yo, e deteronòm vle di de lwa sa yo. Yo toulède te afiche pou nou nan Ekriti a. Youn ladan yo se lanmò, lòt la se Lavi; Lavi e lanmò. Bondye trete sèlman nan Lavi, Satan sèlman nan lanmò. E sa te afiche pou mond la piblikman, ouvètman devan chak zye, e pa gen okenn eskiz pou nou. Youn ladan yo te afiche sou Mon Sinayi kote ke lwa a te bay, lekèl te kondane tout limanite a lanmò; lòt la te bay sou Mon kalvè, ki te pote tout limanite a Lavi, kote penalite a te peye nan Jezi Kris. De lwa Deteronòm yo te akonpli nan de, gran bagay sa yo.

77 M vle w remake ankò, te genyen tou de alyans ki te bay. Yon alyans te bay a Adan, lekèl te sou kondisyon, tankou lwa: "Si w pa touche sa, alò w va viv, men si w touche sa, ou va mouri." Sa te yon lwa. Answit te gen yon lòt lwa ki te bay a Abraham, lekèl te pa lagras, san kondisyon : "M sove w ou menm ak semans ou aprè w." Amèn! Sa se yon tip de Kalvè, pa yon tip de-de-de alyans Adan, se yon alyans Abrahamik.

78 Men kounye a nou tandé L di gen yon sèl plas kote L pral rankontre lòm pou adorasyon. Nou li I dirèk nan tèks la. Nou pral refere a li, ankò, nan kèk minit.

79 Alò si gen sèlman yon plas ke Bondye rankontre lòm, nou ta sipoze pran anpil prekosyon. Bon ann mete de kote tradisyon nou yo maten an, e... nan lesion lekòl di Dimanch sa, Bondye te di isit la, Li pa pral resevwa w nan okenn lòt plas. Okenn lòt legliz, Li pa p resevwa w ladan. Sèlman nan Legliz Li a, se sèl plas L ap resevwa w.

80 Bon, "Kisa w ta di, frè Branham? Si m sensè?" Non.

81 Sonje, Jezi te pale ak kèk moun sensè, adoratè yo nan tan pa Li a, e L te di, "An ven w adore M." Vrè, adorasyon otantik soti ki nan fon kè yo. "An ven w adore M, anseye pou doktrin kòmandman lòm yo," oubyen credo denominasyonèl yo a. Sensè, ak reverans, jis osi relijye ke yo te kab ye. E sa pa t nouvo jis ak Farizyen yo. Kayen ak Abèl, de premye adoratè yo ki te fèt, nesans natirèl isit la sou latè, te vini absoliman ak menm atitud la.

82 Kayen te toutosi relijye ke Abèl te ye. Yo toulède te bati lotèl yo. Yo toulède te renmen Bondye. Yo toulède te fè sakrifis. Yo toulède te adore. Yo toulède te peye dim. Yo toulède te fè tout bagay menm jan. Men Abèl, pa *lafwa* ki se "revelasyon an," Pawòl Bondye a revele, an tout senplisite, demonstre, e vendike. Glwa! Kayen te fè yon ofrand, men Bondye pa t vendike l. Bondye egzije adorasyon, e Kayen te fè ofrand la, men Bondye pa t vendike l. Men pa vrè kanal la...

83 Ou di, "Ebyen, legliz mwen an se Li. Pa m..."

84 Tann jis yon minit. Bondye entèprete Pwòp Pawòl li nan modalite ke L te pwonons yo a. Wè, Kayen te di, "Mwen relijye. Mwen renmen kreyatè m. Mwen ofri W bèl lotèl sa. Mwen ofri w sakrifis sa. Mwen bati tout bagay sa yo, Senyè, paske m renmen W." Abèl te di menm bagay la. Kounye a, se sa ki te vendike a, sa ki te prouve a. E Bondye desann e resevwa sakrifis Abèl la, paske pa revelasyon li te frape bon kanal ke Bondye te aksepte a.

85 Kounye a gade lespri Kayen an vini dirèk nan Ekriti a, dirèk nan dènye jou a. Fondamantal? Jis osi fondamantal ke lòt la te ye a.

86 Gade pwofèt balaam ak pwofèt Moyiz. Toulède avèk sèt lotèl, Lotèl Jewova yo. San sou yo chak; e pa sèlman sa, men belye yo sou yo chak. Nan nimewoloji, egzakteman bon nonb la, sèt, "pafè," sèt belye. Jis sanble egzakteman, toulède lotèl yo. Osi fondamantal ke youn te ye, lòt la te ye tou. Men kiyès Bondye te Vendike? Wè? Wè? Sa ki te nan Pawòl li a. Fondamantal pa vle di anpil bagay; se revelasyon Bondye a.

87 Kounye a reflechi! Nonm sa yo, poukisa yo te aple e yo te plase nan kondisyon sa (Farizyen sa yo) pa Jezi, te di, "An ven w adore M"? Adore l : adorasyon otantik, vrè adorasyon ki soti

nan kè yo. “Ou...An ven w adore M.” Poukisa? Anseye pou doktrin tradisyon lòm yo a. “Pou tèt sa w fè kòmandman Bondye yo san efè sou moun yo.”

88 Si m te aprann ou yon mesaj Metodis, li pa ta p gen efè sou ou, se tan Epouz la. Si Moyiz te anseye mesaj Noye a, li pa t ap gen efè. Si Jezi te anseye mesaj Moyiz la, li pa t ap gen efè. Paske semans predestine yo etann la ki pral sèlman wouze pa tip dlo ki fèt pou semans sa. Wè? Li pa p pouse nan okenn lòt kondisyon. Se dwe kondisyon ki pou fè l pouse yo.

89 Bon, ou kab pran yon ze pou l e mete l nan yon enkibatè, lekèl ta dwe anba yon poul, men l pral kale malgre tou. Mete l anba yon ti chen li t ap kale. Se chalè a, kondisyon an ki fè l kale. Alò li dwe anba bon kondisyon. Ou kab pran yon bon ze vivan e metel anba yon poul mouri, li pa p kale. Wè? Wè, se kondisyon an.

90 Ebyen, Se konsa l ye nan laj sa ke n ap viv la, ou dwe jwenn ki fason Bondye itilize pou fè li nan laj sa. Se sa ke Martin Luther te jwenn, se sa ke John Wesley te jwenn, se sa ke Pannkotis yo te jwenn nan laj yo a. Laj Bondye e tan pou fè li.

91 Bon, Pannkotis yo. Frè sa, youn...M kwè...youn nan je l yo te sòti, yon frè nwa ki vrèman te kòmanse mesaj Pannkotis la nan Kalifòni, ansyen ri Azusa. Yo te ri l, paske se te yon nèg. Yo te pase l nan rizib, men l te pote yon mesaj pou laj sa. Jis yon ti fizik, yon ti kolèg ki te apèn kab siyen non l, men Senyè a te revele a Li ke se te laj pou restorasyon don sa yo, e yo te vini. Pe enpòt *sa k* te di, li vini. Men tout moun te antre nan atmosfè li a, e te wè ke se te laj sa, e te wè Bondye vendike sa ke moun sa yo kab pale an lang, elatriye, li te rive. Men aprè lè ke l te ale e epengle l ke “sa se te sèl evidans,” sa te touye l. Wè? Kontinye tou dwat, wè. Sa te fè l. Aprè yo te kòmanse separe *sesi*, *sel/a*, e fè denominasyon yo; e youn ap vini sou yon nyaj, e lòt la vini nan yon bwison. E O, lala, se pati.

92 Se sa ke denominasyon yo fè. Wè? Bondye pa yon otè denominasyon, paske denominasyon se Babilòn, e L pa yon otè konfizyon. Nou wè l tou...Ou pa menm bezwen yon entèlektyèl pou wè sa. Se Babilòn! Wè? Tradisyon (panse a sa), moun sensè. Bon, malgré tou, paske yo kwè sa, dwe malgré tou gen yon plas sensè kote Bondye fè rankont.

93 Kounye a remake vèsè 2. “Adorasyon nan plas ke M te chwazi a.” Sakrifis la, evidaman, kote yo te adore sou sakrifis la. “Plas ke M te chwazi a; pa sa w te chwazi, sa lòm te chwazi. Men sa M te chwazi, adore M nan plas sa.” Sa montre alò ke gen yon sèl plas, tout lòt yo ven. Li pa dwe chwa pa w, men li dwe chwa pa L.

94 “Ebyen, m pa oblige ale legliz la.” Oubyen, “Ou tèlman gen lespri etwat!” Poukisa, ou menm enève kont fi k ap preche, e...oubyen kont fi ki koupe cheve yo, e sou gason ki fè lòt bagay sa yo. Poukisa, ou si tèlman gen lespri etwat!”

95 Trè byen, ou pa oblige pran chemen Bondye a pou li, kontinye ale kote yo fè sa. Wè? E pral dekouvri ke se nan Ekriti a, alò, “An ven y ap adore M.” Jezi te pale de menm bagay la. Wè?

96 Ke nan chak ti yota, tout bagay, ou dwe loyal ladan I. Se toujou ti kal-ti kal diven, ti kal-ti kal mwazisi ki gate diven an. Kèlke fwa w kite...Se pa gwo bagay ou fè yo, se ti bagay ou kite inache ve yo. Sonje, yon chèn osi fò ke lyen ki pi fèb li a. “Beni sa yo ki fè *tout* kòmandman Bondye yo, afen ke yo kab gen dwa pou yo rantre anndan.” Fè *tout* sa Bondye te di.

97 Si L te di pou fi gen cheve long, ou di...yon gason di m pa trò lontan de sa, te di, “M pa preche yon liy vètman reliyion.”

98 M te di, “Alò w pa p preche Levanjil.” Wi.

99 Bondye te prevwa tout bagay, Li te di sa pou fè. E w sinon fè sa...Se bagay natirèl, rezonab pou ou a. Ki ti bagay...kisa...ti bagay san enpòtans. Jezi te di, “Beni sa yo ki ta pran tout ti bagay sa yo, fè tout ti bagay sa yo.” E yon fi pou kite cheve w pouse, se jis yon...poukisa, se jis yon bagay /i kab fè, e li pa p menm fè sa. Li pa p menm fè sa.

100 “O, anseye nou gran bagay yo.”

101 Kijan w kab preche gran bagay yo, lè w pa p fè bagay ki senp, komen an? Paske, ou wè, motif ou ak objektif ou a move.

102 Se lanmou w pou Bondye, “Senyè, m pa kè kisa W vle m fè, m gen volonte pou fè I.” Aprè w kab rive yon kote, men si w pa vle fè nan fason sa, nan fason Li te di fè I...

103 Se chwa Li, “Plas ke M te chwazi a.” Se kote w adore ak sakrifis ou a.

104 Ou mete...Kayen te pote sakrifis li a, Abèl te pote pa li a, li depann de ki plas ou pote I. Si w pote I nan yon plas kote L te chwazi, tout bagay ap kòrèk, L ap aksepte I; si se pa sa, Li pa p aksepte I. Pa kè, si se menm sakrifis la, pe enpòt sa I ye a, li malgre tou pa-...rejete, a mwen ke li te nan sèl plas espesifik sa.

105 Kounye a nou dekouvri kote nou vle pote sakrifis sa. Nou kapab dekouvri...Nou tout vle ale nan Syèl. Pa vre? E nou tout konnen nou te antò. Nou tout kwè ke Jezi se te Sakrifis la. Kounye a nou vle konnen kote pou pote L, li pral-li pral aksepte. Wè? Se sa. Bib la di nou Kote pou nou pote I, wè, e li pral aksepte; an deyò de la, li pa p aksepte.

Frè Joe 106-157

106 Annou remake la a tou kote Li te chwazi pou depoze sakrifis la, kote Li te chwazi pou plase sakrifis la. Ou paka plase I sou nenpòt nan pòt sa yo; men nan plas ke L te chwazi pou plase I la, Li te mete Non pa L nan plas sa tou. Se sa L te di la. Lii te chwazi pou plase Non pa L ladann. Bon annou sonde Lèzekriti pou jwenn plas sa, paske se plas kote Li mete Non pa L.

107 Kounye a, annou li apati de tèks sa. E mwen gen yon ti nòt etann la ke mwen...maten an, ki te vin a mwen menm. Annou pran dezyèm vèsè chapit sa. Bon, m pa vle kenbe w twò lontan, poutèt moun yo, ki sou koneksyon sa yo deyò a la. Bon vèsè 2 chapit 16 sa:

Konsa ou va sakrifye pak Letènèl Bondye w la, pamitwoupo e pamibetay ou yo, nan plas ke Seyè a va chwazi pou mete non l lan.

108 Bon, ou paka pran sa...senserite w ak tout sa w vle konfese, ou paka jis pran l mennen l sou lotèl Metodis, sou lotèl Batis, sou lotèl Pannkotis, men gen yon lotèl yon kote Li te chwazi Li...pou mete Non L ladann, e Li vle rankontre w nan plas sa. Kounye a, si w gen tout bagay byen an plas, sa va fonksyone; tout bagay plase annòd. Si gen yon kou sikwi nan fil sa, limyè sa pap limen; paske yo te fè l tonbe atè. E kan ou va pran youn nan Pawòl Bondye yo oswa youn nan plas Li yo, epi nan pwòp kè w ou gen objektif egojis, sa va fè pwisans Bondye a tonbe atè drèt la. Si w fè l poutèt ou vle entèlijan, ou vle diferan de yon lòt moun, oswa yon bagay konsa, drèt la li tonbe atè, sa va sote fizib la. Ou gen tò. Ou dwe vini avèk senserite, ak tout kè w, motif ak objektif ou plase jis sou Bondye. Alò chache plas Li a, jwenn ki kote Li di, e mennen l la. Ou wè?

109 Gade Marthe ak Mari. Kan Jezi te dwe retounen, apre L te fin anseye yo Levanjil sa (Limyè pou tan pa L la, Li menm antan ke Mesi), yo te rayi L, yo te rejte L. O, Farizyen yo ak legliz yo te meprize L. Men Laza te mouri, frè ki te yon bon zanmi pou Li. Li te kite l blayi la; e yo te voye chache, Li pa t menm vini.

110 Men obsève Marthe, atitud li. Li di, "Seyè, si W te la." Pandan l ap ba Li tit kòrèk Li: Seyè, S majiskil e-y-è, *Yahweh*, Jewova. Glwa! "Si W te la, frè m nan patap mouri." Lavi ak lanmò paka asosye nan menm kanal la, oswa nan menm kay la. "Ou t ap...Li patap mouri."

111 Jezi te di l, "Mwen se rezirèksyon e Lavi," Bondye di l. Ou wè? Kan Li te di, dabò, "Frè w la va viv ankò."

112 Li te reponn, "Wi, Seyè, mwen kwè sa tout bon. Antan ke jwif, mwen kwè ke pral gen yon rezirèksyon jeneral pou mò yo; e mwen kwè ke frè m nan te jis osi lwayal e sensè nan zafè adorasyon. E mwen kwè ke Ou se Mesi sa, ki te anonse nan Bib la, paske Bondye ki ap konfime Pawòl Li nan Ou la pwouve ke Ou se Mesaje pou tan sa. Ou se Mesi sa. Mwen kwè ke Ou se Kris sa ki te gen pou vini an, paske zèv Ou yo temwaye ke Bondye te voye W isiba pou W te Mesi sa." O, la la! Obsève wou yo ki kòmanse ap vin an plas kounye a. Ou wè?

113 Bon, li te gen yon dwa pou di, "Poukisa Ou pat vin resiste frè m lan? Poukisa Ou pat geri l? Ou te geri lòt yo. Pi bon zanmi pa W, epi gade sa k te rive kounye a." Non, non, jan de objektif sa yo pa mennen okenn kote.

114 "Mwen kwen ke Ou egzakteman sa Lèzekriti te idantifye Ou t ap ye. Mwen kwè ke se jou ke Mesi a te dwe vini; nou t ap tann sa. Mwen pa fè ka de sa rès lòt yo ap di. Mwen kwè ak tout kè m, akoz de sa m te wè ak tandé pa Pawòl la, ke Pawòl la konfime nan Ou, ke Ou se Mesi sa." Ou wè, nan fon limenm, li--li te gen yon bagay li te bezwen, men li te dwe jwenn bon kanal la.

115 Sa k t ap rive si l te kouri la pou di, "E alò Ou vle di m Ou se Mesi sa! E pa menm gen koutwazi, ou pa menm ase janti pou reponn a demand nou an; alòske nou te konn ba W manje, ba W kote pou rete, ak tout bagay, epi pran pozisyon pou Ou, kite legliz nou yo, jan W te kòmande nou pou nou te soti nan denominasyon sa yo." Ou wè? E men ni nou kite l, epi kounye a yo konsidere nou tankou moun yo rejte vagabon. Ak tout bagay nou te fè pou Ou yo, e apre sa ou pa menm gen koutwazi òdinè pou reponn apèl mwen?" Bon, an reyalite, li te gen dwa sa.

116 Jan nou di konsènan cheve koupe nou yo, "Mwen se yon sitwayen Ameriken. Mwen ka pote bout pantalon, fè tout sa m vle, se pa ilegal." Se dwa pa w, men yon brebi toujou abandone dwa l. En-en. Si w se yon ayo! Li pa gen anyen lòt ke lènn, li abandone sa. Se privilèj Bondye ba li, men li abandone l.

117 "Mwen gen dwa fè pati de nenpòt ki denominasyon." Se egzakteman vre, men ou abandone sa. Ou wè?

118 Li te abandone tout dwa li te genyen, pou rekonèt Pawòl Bondye a ki te manifeste drèt la devan l.

119 Li te di, "Mwen se rezirèksyon e Lavi. Moun ki kwè nan Mwen, menm si l ta mouri, li va kanmenm viv. Nenpòt moun ki viv epi ki kwè nan Mwen pap janm mouri. Èske w kwè sa?" Ou wè, te gen yon sèl ti wou an plis ke li pat an liy avè l. Ou wè?

120 "Ya, Seyè! Mwen kwè ke W se Kris la, Ptit Bondye vivan an!" O frè, tout bagay te prè pou fè etensèl la djayi lè sa. Ou wè?

121 "Ki kote nou antere l?" Ou wè? E nou konn kisa k te rive.

122 Ou wè, ou dwe retwouve w nan plas kòrèk sa anvan pou L resevwa sakrifis ou a. Ou wè, ou dwe vin ladann. Kounye a, obsève.

...nan plas ke Seyè a va chwazi pou mete non l lan.

Ou pa al manje okenn pen ak leven ladann;...

123 Kisa sa tipifye nan sakrifis la? Pa melanje avèk okenn kredo, sa dwe Pawòl la. "Okenn pen avèk leven." Leven se...Nou konnen kisa leven ye nan tout bagay. "Yon tikras leven gonfle tout pat la nèt," pat la an antye se Kò a. Ou paka mete yon tizing denominasyon oswa kredo nan Kris. Non, mesye, sa pap mache.

124 Nou sonje dènye mesaj Jedi swa pase a? Ansyen mari w dwe mouri. Se vre. Nouvo Mari W se Pawòl la.

...pandan sèt jou ou va manje pen san leven anndan la,...

125 "Sèt jou," kisa sa tipifye? Sèt Aj Legliz la okonplè, sèt jou. Poukisa yo te dwe manje l pandan sèt jou? Anvan kisa? Anvan sòti a. E tout aj legliz la nèt, depi kòmansman jouk nan fen, te oblige viv sèlman ak Pawòl Bondye pou aj sa. Kifè kredo Women w lan, kredo Metodis, Batis ak Pannkotis yo tout mouri.

126 Bon obsève.

...anndan la, menm pen afliksyon an;...

Yo te pèsekit pou Sa; Luther, Wesley, Pannkotis yo; yo tout te pèsekite, e se va sa pou ou.

...paske ou va soti kite peyi Lejip nan anpresman:...

pou w ka rete jou kote...sonje jou lè ou te soti nan peyi Lejip tout jou nan vi w.

E pa pral gen pen ak leven nan...avèk ou pandan tout sèt jou yo;...

127 Pami bèl Epouz Kris la, apre lanmò L atravè Aj Tenèb empire Women an, poutèt Li te dwe mouri, "Si gress ble a tonbe nan tè a." Epou a te dwe vini, Chef d'oeuvre pafè Bondye a. Nou tout te tandé mesaj mwen an sou sa.

128 Mwen te kanpe laba, Los Angeles, nan Forest Lawn, yon jou, e kè m te bondi. Konbyen moun ki te janm ale nan Forest Lawn? Genyen yon...estati Moyiz la ke--ke...-angelo, mwen kwè ke se li, Mikèlanj. Se yon estati pafè, tout kote nèt sof jenou dwat la; gen yon ti twou apeprè yon demi pouw pwofon. Gid la...Mwen t ap gade, e li te endike m sa. Li te di, "Mikèlanj te pase tout vi l ap eseeye fè-fè...Li te yon eskiltè, e li t ap eseeye repwodwi imaj Moyiz. Nan tèt li, li te gen nan lespri a kisa Moyiz ta dwe sanble. Li te gen sa nan kè l, kisa Moyiz te dwe sanble. E konsa li te pase tout vi l; ap taye yon tikras la, pou fwote l, li te pran distans li pou ap gade l. Ane apre ane apre ane, li te travay sou li. Finalman kan sa te konplete, li te fè yon pa an aryè e li te depoze vye ranyon an ak mato li, li te gade estati a. Li te si tèlman pafè imaj Moyiz ke li te gen nan kè l la, nan pwen ke li te kòm pa posede tèt li, li te pran mato a epi li te frape l, ap kriye ak tout fòs li, 'Pale'" Yo te rele sa Chef d'oeuvre Mikèlanj lan. Gwo bagay sa nan eskilti sa, vizyon sa li te genyen an de fason Moyiz tr dwe ye a, sa te sèlman montre an tip gwo Papa Bondye a.

129 Li te genyen l nan kè L, anvan fondasyon mond lan, yon Pitit, paske Li se yon Papa. Men sa te ankò sou fòm jèn Pawòl Li. E Li te kreye yon nonm, e Li te oblige ba li libre arbitre, men nonm sa te chite. Men gran Eskiltè a, Bondye, ki te fè lòm apati de pousyè latè, Li pat rete trankil poutèt sa, Li te rekòmanse fè lòm ankò. E Li te fè yon Noye, li te mouri tou sou. Li te fè yon Moyiz ki te fayi kenbe Pawòl Li. Li te fè pwofèt yo ki te vini nan tan difisil. E Li te kontinye ap bati ap modle jiskaske apre yon ti tan Li te vle yon-yon chef d'oeuvre, pou reflete L, nati Li, sa k te nan kè L Kijan yon pitit dwe ye.

130 Yon jou, anba nan Jouden an, apre ke Chef d'oeuvre sa te fin fèt e fòme, men Li ki t ap desann nan...sou zèl yon Kolonb, ki te di, "Sa se Li!" Li te si tèlman eksite avèk Chef d'oeuvre sa jiskaske Li te frape L sou Kalvè a, pou L te ka mouri pou rès lan nou ki pa t pafè; konsa atravè San L ki vèse, Li te ka mennen anpil chef d'oeuvre (antan ke Epouz) pou Pitit Li. Chef d'oeuvre la te make poutèt eksitasyon Bondye ki te wè yon tèl Chef d'oeuvre, Li te frape L pou nou tout. Ou wè? La Li te mouri, pou te rann nou pafè nou menm ki pa t pafè. Chef d'oeuvre la.

131 Remake, la Li di:

...pandan sèt jou ou va manje pen san leven sa...

132 Kounye a, pen se yon tip. Jezi di, "Lòm pap viv ak pen sèlman, men pa chak Pawòl." Pa jis-jis yon Pawòl isi epi la tankou denominasyon ta vle w fè w kwè L. Men Pawòl Bondye a pafè! Se Bondye Limenm sou fòm lèt, ke yo rele "Semans." E vrè sòt de fwa vyèj nan Pawòl sa va mennen Semans sa nan Lavi pa l.

133 Se egzakteman sa n ap gade le swa nan liy disènman yo, ak tout lòt bagay yo, paske se yon pwomès ke Bondye te fè.

E Li te kanpe bò kote m e Li te di m sa, e Li te di m ke "imitatè yo t ap vini, men kenbe fèm." Mwen kwè Sa. Epi okenn motif egois, pou fè moun mal, men pou rete avèk reverans pou Bondye e pou akonpli zèv ke Li te rele m pou fè, se poutèt sa m ap di bagay sa yo. Epi Bondye konfime I, epi resevwa sakrifis ki ofri a, avèk konfirmasyon ke se Laverite. Okenn kesyon sou Sa! Kounye a obsève Pawòl sa!

134 Bon, nou remake la, "Sèt jou," sa se pou chak aj legliz. Kounye a, poutèt Chef d'oeuvre sa te dwe mouri, pou L te resisite pou rachte nou tout. Alò Li te gen yon legliz plase annòd lè Pannkot la, men Legliz sa te dwe pase atravè yon sakrifis; epi mond Women an te touye I, te mete nan tè.

135 Tankou otè liv sa, mwen paka sonje non I kounye a, li te si tèlman pran plezi sou mwen, pou di, "Pami tout demons yo, se William Branham." Ou wè, se sa ke dyab la ap eseye di. Li di, "Vizyon ak bagay sa yo," li di, "sa se dyab la," li di, "oswa, li se yon jan de ipnotizè, oswa I ap travay nan domèn pèsepsyon sipèsansoryèl." Mond entèlektyèl la toujou ap eseye fè yon ide de Sa.

136 Se la y te eseye fè yon ide de Jezi. "Kijan W fè fè bagay sa yo? Kisa k fè sa?"

137 Li te reponn, "M ap poze nou yon kesyon. Èske ministè Jan Batis la...Te vin de Bondye oswa te vin de lòm?" Ou wè?

138 Yo te di, "Nou paka di."

139 Li te di, "Mwen menm tou M paka di nou." Se jis. Yo te pati. "Depi lè sa pèsonn pa t mande L anyen." Ou wè? Li jis te frennen yo, Li pa t di y anyen konsènan Sa; se pa t zafè yo. Li te gen yon travay pou fè e Li te fini I.

140 Ke Bondye ede nou pou fè menm bagay la. Nou pa oblige reponn kesyon dyab la, se vre, "Si w se, fè tèl e tèl." Ou responsab pou Levanjil sa, se travay yon predikatè, e se tou; pa kijan Li ekri, li jis responsab pou I pwoklame L.

141 E antan ke sèvitè, si w se yon pwofèt, ou responsab devan Bondy. E si vizyon ki vini yo eklere Ekriti sa pou montre sa L ye, ou responsab pou chak Pawòl ki nan Bib sa, paske Li te ekri nèt pa menm jan de moun tankou w. "Bondye nan ansyen tan te aji, atravè pwofèt yo, e Li te ekri Sen-...Bib Sen sa." Ou wè? E okenn pwofèt otantik Bondye paka renye yon sèl Pawòl ladann, men li kwè chak Pawòl e li preche menm bagay la. E apre sa Bondye oblige

apati de kanal sa akonpli Pawòl sa jis egzakteman fason Sa te pwomèt la, Semans lan va grandi.

142 Bon, remake ankò, rapidman, nou jwenn la ke pandan tou sèt jou yo pen sa te dwe manje, atravè Sèt Aj Legliz yo. Kounye a, se lè li dwe mouri pou al nan tè.

143 E kritik sa ki t ap pale de mwen an, te di, "Yon Bondye ke nou menm moun yo ap adore, ki te ka rete nan Aj Tenèb yo pou ap gade manman sa yo, ansent, kèk nan y avèk ti bebe nan bra yo, moun sensè, yo lanse nan arèn pou Lyon dechire an pyès, ap rele; pann yo sou kwa pou boule yo; retire rad fanm yo mete yo toutouni, jèn fi vyèj, ap lanse tèt yo dèyè konsa, lage Lyon dèyè yo." Li te di, "Yon Bondye ki ka rete nan Syèl, ki sipoze se twòn Li, ap gade anba ap di ke Li pran plezi ladann," se sa I te di.

144 Kifè, ou wè, sa se konsepsyon entèlektyèl ki vin de dyab la. Si nonm lan te espirityèl, li t ap konnen ke gress ble a dwe mouri, yo dwe antere I nan katedral Women.

145 Men lè sa premye ti pou Lavi a te parèt nan refòm Martin Luther a, ki te, "Jis la pap viv pa yon pen jwif kachè beni ke yon prêt te fè, men pa Pawòl Bondye a. 'Jis la va viv pa lafwa!" Li te pouse de ti branch. Gress ble te kòmanse ap grandi.

146 Apre sa John Wesley te vini e li te ajoute sou sa. (Te gan anpil lòt, ki...Zwingli ak yo te vini e yo te renye nesans pa yon vyèj la, e sa te jis mouri.) Men Metodis yo te parèt, se te bulb lan, polèn lan, tan misyonè yo. E yo te preche sanktifikasyon; yo te ajoute bulb lan.

147 Apre sa Pannkotis yo te parèt nan bal la, si tèlman, ke I te ka sedwi Elu a. Li sanble ak yon veritab gress ble, lè w te louvri I, pa t gen ble ditou. Men Lavi t ap pase atravè bal la.

148 Kounye a, èske w te remake, chak twazan apre yon--yon gran reyinyon, kisa k rive? Yon denominasyon. Sa fè ventan e okenn denominasyon. Chè Ayo k ap mouri a, ke I pa janm fè sa. Si m dwe pati nan jenerasyon sa, ke moun ki kwè Mesaj sa pa janm ret transkil pou yon denominasyon! Bondye va...Ou va mouri drèt sou tras ou! Sonje sa! Menm kote nou nonmen denominasyon pami nou, mwen pa bezwen konnen jan w sensè, ap pran lòm pou lidè olye de Sentespri a pou konfime Pawòl sa, se moman sa ou mouri! Semans orijinal la pa kapab fè I, paske pa gen anyen ki te rete apre semans lan, se menm bagay la laba nan kòmansman. Se Epouz la ki te tonbe antre nan tè pou rebay gress ble a ankò.

149 Remake:

...pandan sèt jou ou va manje pen san leven...

150 E yo va avèk Epouz la...

151 Bon, nou menm moun yo ki te gen ansyen kri manman Metodis sa, ak bagay konsa, ki ap mande "Si li pa t pale an lang, li pap pral la." Se yon manti! Li te gen menm Sentespri sa ke nou genyen jodi a, men se te sou fòm glann lan, pa restorasyon don yo. Men pandan tout sèt jou yo, jis manje pen san leven, Pawòl la. Yo menm, laba, yo menm ki te vin denominasyon, yo te mouri. Yo se tij la, yo va jis rasanble yo pou boule. Men Lavi ap kontinye drèt atravè. E kisa k rive? Tout Vi ki te nan tij la, nan glann lan, nan bal la, tout te abouti nan ble a. E menm Sentespri sa ki te mennen Luther, ki te mennen Wesley, ki te mennen Pannkotis yo, ap abouti nan Epouz la nan rezirèksyon an.

152 "Sèt jou, ap manje pen san leven." Okenn leven pa t dwe twouve pami Epouz la, okenn-okenn pawòl ajoute, okenn anyen. Sonje, yon mo te lakoz chak mò sou tè a; chak pitit ilejitim te fèt akoz de Èv, premye legliz la, epouz premye Adan an, ki te doute Pawòl Bondye a pou aksepte yon lekòl denominasyonèl, oswa yon lekòl entèlektyèl, oswa yon lekòl ki se eksepsyon L; paske yo te rezone I, avèk, "Sèten, bondye se yon bon Bondye." Bondye se yon bon Bondye, men Li se yon Bondye jis tou. Nou dwe kenbe Pawòl Li! Lekòl, se sa li te aksepte.

153 Men kote kèk nan nou ti mesye seminè yo, okenn dout gen yon apèl nan vi w, men ou te kouri ale nan kèk lekòl Biblik pou w yo te enjekte doktrin sa nan ou, e men kote ou mouri a...Rete avèk Bondye e avèk Pawòl Li. Yo pap lache w; oswa, ou pa menm ka fè pati de kongregasyon yo, yo pap aksepte sou estrad la. Kifè kite yo genyen I, kite mò yo antere mò, annou swiv Kris Pawòl la.

154 Bon, sèt jou pap gen okenn leven melanje nan Epouz la, Legliz, sèt jou.

155 Kounye a remake. Kounye a pandan non...

E pap gen okenn pen ak leven pari nou pandan tout sèt jou yo;... (Sakrifis la la se yon tip: Epouz la ap avanse apati de Sakrifis la ki se Kris.)...non pli pigi gen anyen ki se lachè, ke w te sakrifye premye jou a nan aswè,...

156 E sonje--sonje jan nou jis sot pase atravè Aj Legliz yo? Mesaje pou legliz la toujou vini nan fen lòt aj legliz la, toujou. Fen aj Pannkotis la mennen anlèvman Lepouz. Ou wè? Fen aj Luther a te bay wesley. Ou wè? Fen aj Wesley a te mennen Pannkot. Fen Pannkot mennen Mesaj kounye a. Men ni, sa drèt la, baze atravè tout Lèzekriti. Pa gen okenn ekriti nan Bib la ki pa konekte drèt youn ak lòt. Ou wè? Tout tip sa yo. Mwen pa gen enstriksyon, men mwen gen Sentespri a ki montre m sa atravè yon lòt kanal pou anseye apati de lanati; e se par Pawòl la. Sa dwe Pawòl la, yo te pwomèt bagay yo.

...lachè,...sakrifis la premye jou a...menm, rete tout lannwit jouk nan maten.

157 Kounye a, menm Luther, ki te gen Laverite e ki te anseye legliz "jis la va viv pa lafwa." Ou patap vle akwoche a sa antan ke tout doktrin lan nèt, nan aj Metodis la. Kisa w ap fè? Boule ak dife. Kisa tip la te ye? Denominasyon ki te soti nan Pawòl sa se te bal la, bulb la, zegrèt la, yo dwe boule ak dife. Pati denominasyonèl sa ke l te sot ladann lan pa dwe rete, li dwe mouri. Piga w kite jiskaske yon lòt--lòt aj pèse, boule !! L ap pale la a Lepouz isi a, jis Lepouz, ki te vini atravè chak aj.

Sè Lugie 158-205

158 Remake ki jan sa bèl, "san Ayo a". Sa yo se kò Kris la, sakrifis la: san Ayo a sou pòt la. Koulye a, sonje, yo te touye Ayo a ki te yon tip Kris la.

159 Sepandan nou ta ka pran anpil tan, men m pa gen...sèlman kèk minit ankò pou m rete isit la. M ka jis oblige sispann epi rekòmanse ankò aswè a, ou wè, paske n ap pran twòp tan. Se...Mwen gen ven paj sou sa a isit la, ak nòt, sou sijè sa a.

160 Remake kounye a, sou sa a,—Ayo a se te Kris sou fòm senbolik. Oswa eske m te di sa byen? Tip; Kris se te Ayo a. Li te dwe yon mal, premye a ki vinn de vye manman mouton an; oswa brebi a, kèlkeswa jan w te chwazi rele l la. Li dwe premye l a. Epi li dwe teste anvan pou wè si gen yon defo sou li.

161 Bon, Kris te teste; premye Ayo ki soti nan manman mouton an, Mari vyèj la. E L te teste ak kisa? Satan kont Pawòl la. Lè l frape Èv, li tonbe; li frape Moyiz, li tonbe; men lè l te leve kont Kris, epi li te eseye mal site Ekriti a pou li, uh-huh, li te dekouvi ke se pa t Moyiz. Ou wè? Li te teste. Ki sa k te fèt...li vire, li di, "Si w se Pitit Bondye a. Ebyen, yo di m ou fè mirak, e yo di m ke Mesi a gen pou l fè sa. Koulye a, si se konsa, ou grangou, ou pa t manje, fè pen sa yo tounen... wòch sa yo tounen pen, epi manje."

162 Li te di: "Li te ki ekri, 'Lòm p ap viv ak pen sèlman.'" Kredo w la, elatriye. Men, pa kisa? Chak Pawòl! Yon pati nan Pawòl la? "Tout Pawòl ki soti nan bouch Bondye." Se de sa ke lòm viv. Ou wè? Ayo a te teste, gade si gen nenpòt kote l te tonbe.

163 Farizyen yo, "O Mèt, Oumenm jèn pwofèt, nou panse ke n se yon pakèt afè. Ou bon."

164 "Poukisa w rele m bon? Gen yon sèl bon, e se Bondye. Ou kwè sa?"

165 "O, wi. Bondye."

166 "Ebyen, mwen se Limenm alòs." Uh-huh. "Ou te di ke gen yon sèl bon. Poukisa w rele m 'bon', lè w pa kwè ke M se Bondye?" Uh-huh. "Alòs, poukisa w rele m bon? Ki sa k fè w fè sa? Ki sa k te enspire w pou w di sa, lè w konnen gen yon sèl ki Bon, e se Bondye?"

167 "Nou konnen ke W pa respekte diyite lèzòm ni pawòl pozisyon yo. Nou konn sa." Eseye...Li te konnen ipokrit sa a. Ou wè?

168 Li te teste pou wè kote li te kanpe, ou wè, teste nan tout fason, teste tankou nou teste. Men, pa t 'gen okenn konsesyon, pou li, ditou. Non, mesye! Sa a se te Pitit Bondye a.

169 Epi Ayo a te teste, yo te gade l pandan katòz jou. Se te de saba, oswa de aj. Youn te pou jwif yo, ki te ofri ayo an tip; youn se pou moun lòt nasyon yo, ki gen ayo reyèl la, e yo tout te vin pafè lè yo te kwè ke ayo sa a t ap vini. Men li te tante katòz...oswa egzaminen pandan katòz jou, li te Pawòl la.

170 E w ka egzamine Ansyen Testaman an, ou di "Li kondane Nouvo a." Ou gen tò! Ansyen Testaman an rann temwayaj de Nouvo a.

171 Yon nonm ta pral defye m pa lontan de sa, li te di: "Kisa pwoblèm li ye?" Li te di, "Bon, li menm anseye sou Ansyen Testaman an." Yon predikatè kretyen, panse ak sa. Li te di: "Ansyen Testaman an mouri e li fini." Oh, non! Oh, non! Se sèlman yon pwofesè lekòl, sa montre kisa k te ekri sou miray la. Ou wè? Se vre.

172 Kounye a, gade, li te teste katòz jou, se Kris la. Koulye a, remake, apre yo te touye L nan tan diswa a, yo te dwe touye Ayo a. Kris te mouri nan aswè, apre midi. Apre sa, remake, epi tou li te ...

173 Yo te dwe mete san an sou lento pòt yo, ou wè, san an ki se lavi bét la. "Ou va manje vyann lan; Men, san an ki se lavi a, fè l koule '." ou wè? Li ta dwe...San an te dwe mete sou lento poto pòt kay kote sila yo ki te aksepte sakrifis la. Glwa! Ki sa k lavi a? Non an. Sa...Li mete non moun nan...sou anwo pòt la, epi w gade, pou wè ki non ki sou pòt la anvan w sonnen klòch la. Ou wè? Yo te mete san an sou lento pòt la kòm yon tip de sa sakrifis la te ye pa anndan an.

174 Kounye a, nou pral jwenn plas pou adorasyon an, jis pa bò la a, anpasan San sa a. Remake, san an sou pòt la t ap pale de non sa k t ap pase...ki te pa anndan an, yo te la a. Plas nou adore a, Ayo a, se Pawòl la. Nou konn sa.

175 Kounye a, vèsè 4 la, remake, "Pa kite pen, pa kite anyen nan sakrifis la," oswa, pran youn de yon laj a yon lòt.

176 Eseye retounen epi di, "Bon, kounye a, nou se Literyen, nou vle monte isit la," ou te dwe mouri nan laj Literyen an pou te fèt nan laj Wesley la. Ou dwe mouri nan laj Wesley pou fèt nan yon laj pannkotis. Epi ou dwe mouri nan laj Pannkòt la, pa kite anyen nan li, boule I ak dife, paske li pral boule tankou tij la ke ble a soti ladann nan. Tij la, denominasyon an, li dwe boule. Kidonk pa pote denominasyon w lan nan novo Mesaj la. Sa a se Pawòl la kounye a. Se sa k rele, tij la; li te pote L, se vre; Men, Li vinn isit la, answit, pye ble a mouri. Se te yon transpòtè, denominasyon an, men Pawòl la kontinye. Wi, Pawòl la jis kontinye.

177 Kounye a, pran 5yèm ak 6yèm vèsè a. Remake, "Pa..." Kounye a, ann pran 5yèm ak 6yèm vèsè a. Piga nou ofri sakrifis pak nan okenn nan pòtay Seyè yo, ke Bondye nou an, te ban nou.

178 Kounye a sonje, "Pa nan okenn pòtay sa yo." Senyè a pèmèt ou genyen denominasyon sa yo, ou wè, "pòtay sa yo". Men nan plas ke Senyè a...Bondye pral chwazi pou mete non I la,...

179 Se Pòtay la, sèl kote a. "Pa nan okenn pòtay sa yo." Men, Bondye gen yon Pòtay.

180 Ou di, "Chak maten m antre nan pòtay Metodis la." Se legliz la. "Chak maten m antre nan pòtay Katolik la." Uh-huh. Ebyen, Seyè a te kite pèp li a antre epi soti nan pòtay yo. Bondye gen moun nan legliz katolik, legliz metodis, legliz presibteryen, yo tout, pentkotist. Sèten, men piga w... penga w adore Seyè a nan pòtay sa a. Ou wè? Men, Seyè a gen yon kalite pòtay. Glwa! Li gen yon pòtay. Men nan plas ke Seyè a, Bondye w la, te chwazi pou mete non L lan, la a... ou va ofri sakrifis pak la nan aswè,...

181 Ki lè Rebeka te jwenn Izarak? Ki lè Eliezè te rele I pou I te vinn Epouz a? Nan tan diswa a!

Pral gen limyè nan lè aswè a, wout la Glwa w ap jwenn li sèten; Nan chemen dlo sa a se Limyè jodi a, ki Antere nan Non presye Jezi a; Jenn ak granmoun, repanti pou tout peche nou yo, Sentespri a pral sètènman antre nan nou; Limyè aswè yo te vini, Se yon reyalite ke Bondye ak Kris la fè yon sèl.

182 Se te kòmansman L, kounye a li te fennen nan Limyè Epouz la. Ou wè sa M vle di?

183 Pito m klotire la a, m a rekòmanse aswè a, paske M pa vle w kite sa a, ou wè. Non, non, se—se lè manje midi. Bon, bon, m te gen twòp nòt ki te ekri la a. Oh, lala! Sak pral fèt aswè a, eske sa ta miyò? [Kongregasyon an di, "Non. Kounye a." — Ed.] En? Bon, si w... Ou vle jis eseeye yon ti kras pi lwen? ["Wi. Amèn."] Ebyen, ann ale yon ti kras pi lwen alòs, nou pral depeche n touswit. Kòman sa ye?

184 Kounye a, antre nan kisa? "Nou p'ap antre nan okenn pòtay ke Seyè Bondye a te bannou an, men nan pòtay ke Seyè a pral mete non Li." Pa antre nan kay la—nan pòtay ki se pòt la. Se vre? Bondye pral mete Non I sou pòt la, epi w pa pral ... Sa a se pòt ki bay sou lye adorasyon an a, Tanp lan. Ou pa antre la ak sakrifis ou a nan okenn pòtay sa yo, sof nan pòtay ke Seyè Bondye a chwazi pou mete non I nan. Ou wè?

185 Bon, èske I te fè sa? Kote pòtay sa a? Nan Sen Jan 10, Jezi te di, "Mwen se Pòtay la, Pòt la. Mwen se Pòt kay Bondye a. Mwen se yon Pòt pak mouton yo." Se pa pak kabrit la, pak mouton an. Ou wè? "Mwen se Pòt pak mouton an. Yon moun ka antre pa Pòt sa a, san danje."

186 E kounyeya nou ta ka pase anpil tan sou sa. Men, pou sove tan, Li se Pòt pak mouton sa a. Koulye a, nou vle fè yon remak la a. Lonbraj yo ak tip yo vrèman afiche isit la, men mwen...sim pran paj sa a mwen ta...sa pral kenbe w yon bon ti tan.

187 Bon, remake, sa ekspoze pafètman, Jezikri. Paske tout Ansyen Testaman an se yon tip de Li, tout fèt yo, tout adorasyon yo, ak tout bagay. Apre sa, mwen te ekri la a, anba liy sa yo nan Ekriti yo, "Esplike I." Men kote I ta pran anpil tan. Eksplike kijan tout fèt yo... Menm ofrann nouriti yo se te yon tip Kris la. Ann jis pran sèl sa a.

188 Yon fwa te gen yon—yon lekòl ki te rele lekòl minis yo, oswa lekòl pwofèt yo. Yo te fòme, dè pwofèt edike. Epi te gen yon pwofèt otantik, yon pwofèt ke Bondye te rele ki te vin vizite yo

yon fwa. Bon, yo te vle montre ansyen pwofèt la yon ti koutwazi, kidonk youn nan yo soti al pran yon gwo pake sa li te panse ki te pwa; men se te yon bann kalbas anpwazonnen, e l t a pral ba yo tout manje sa.

189 Oh! Ki kantite seminè grefe nou te genyen! Ou wè? Se sa. Y ap kwit yon bagay. Ou wè? Te gen Metodis grefe, Batis grefe, Pentecostal grefe. Men, ou wè, yo se pouz segondè a, sòt sa a ke yo taye nan pye bwa a. Ou wè, pa nan pye prensipal la. Li fè sitron, chadèk, elatriye; pa zoranj, men y ap deklare ke yo se sitwon.

190 Remake ankò. Kounye a, nan sa a—nan sa a, lè Eli pwoche bò kote yo, li gade yo, epi li wè ke se te kalbas pwazon ki ta ka touye chak nan yo, yo di, "mezanmi, nou gen lanmò nan chodyè a!"

191 Li te di: "Pote yon ti ponyen manje pou mwen." E li lage manje a ladann, li te di, "Kounye a se kòrèk, manje sa w vle." Li te chanje lanmò a pou lavi.

192 Epi ofrann farinn ke yo te bay la... Kris, li te ofrann farin lan, epi ofrann dwe moulen ak yon sòt moulen ki te fè chak ti moso manje a menm jan, ki montre ke Li se menm nan ayè, jodi a, ak pou tout tan. . Li se menm bagay la pou met nan denominasyon w lan epi li pral viv, Pawòl la! Kris se Pawòl la, tout tip tout bagay yo: tabènak la—pen pwopozisyon an, tout bagay. Pen kominyon brize anba plak la se te kò l ki te brize, ke jwif yo pa ka eksplike ankò poukisa yo fè l. Ou wè? Ak tout lòt bagay sa yo te tipifye l.

193 Ebyen, alòs, limenm ki afiche, nou wè kounye a tout denominasyon yo ak credo yo rete dèyè; paske Li se Pawòl Sen Bondye, ki pa chanje, ki se Pen san leven an, Sen Jan 1. Se vre, Li se Pen san leven an. Se konsa, lè w ajoute sesi oswa ajoute sa a, se yon leven ki ajoute nan Sa k te deja bay pou ou nan kòmansman an.

194 Gade la a. Ki sa k ap touye ras imen jodi a? Yo pran bagay yo e ibride yo. Men lè w hybride l, ou touye l. "Oh, li parèt pi bèl." Sèten! Mayi ibrid: kònffleks, tout lòt sereyal ki vinn de mayi a. Mayi ibrid: gwo, masif, bèl tij long, ak gwo gwo zòrèy, sanble de fwa pi bon ke lòt la. Men se lanmò! Syans lan menm te dekouvrir sa. Ou wè? Pa ibride l, li va touye w.

195 Kounye a, la a, kite m montre. Lòt jou, mwen t ap wouze kèk flè nan lakou m nan. Epi dam nan te gen kèk flè ibrid ki te nan ti po a la a, oswa ti jaden an la a. Yo dwe wouze bagay sa yo omwen twa fwa pa semèn, oswa kat, osinon y ap mouri. Epi gad plant orijinal la ki te kanpe deyò nan lakou a la a. Lapli pa t tonbe depi sis mwa, li tèlman sèk...Si lapli tonbe, nan dis minit ou ka soulve pousyè a. Men, ti kanmarad sa a, atè a la a li jis pi bèle e pi klere ke ibrid la te ye ak tout dlo a. Ou prive l de dlo sa a, l ap mouri. Men, ki kote li te jwenn dlo l? E yon lòt bagay, ou dwe al flite yo chak jou oswa chak de jou, pou kenbe ensèk yo lwen de li, si yo pa fè sa, y ap devore l, li tèlman delika e frèl. Men, pa gen yon ensèk ki pral sou orijinal sa a. Non, non! Li pral ranpe kote l men l ap rale kò l. Li se yon otantik! Gad kisa ibridasyon an te fè?

196 Se menm bagay la nan legliz. Y ap eseye melanje denominasyon an ak Pawòl la, pou fè ... eseye fè Pawòl la di sa denominasyon an di. Epi lè w fè sa, ou oblige flite yo, e kajole yo epi — epi ba yo etwal annò pou yo vin lekòl di dimanch ak tout lòt bagay. Se vre. Lè yon vrè kretyen ne de novo, ki fèt ak Pawòl Bondye a, li solid. Se ou menm. Ensèk ak bagay nan monn nan pa deranje yo. Li se yon Èg, li vole pi wo pase sa. Ou wè, li monte anwo nan syèl la. Ou wè? se vre. Anyen...

197 Remake. Koulye a, nou dwe konprann sa la a, denominasyon an, credo yo, ak nenpòt bagay ki te ajoute nan pen ki gen leven an pa kapab melanje ak pen san leven an. Epi Bib la prefigire isit la nan sakreman an, pou antre nan adorasyon an, ou pa ka pran anyen ki gen leven avèk ou, epi Bondye pral aksepte l.

198 Ou di: "M se Metodis." La a menm ou mouri! "M se pannkotist." Ou mouri!

199 M nan Kris la. Se vre. Ou dwe kanpe sou yon bagay. Ou—ou kanpe sou yon bagay.

200 Churchill te di yon fwa, li te leve de dwèt li epi l te di, "Nou gen laviktwa." Epi Langletè te akwoche l a sa, yo te kwè Churchill.

201 Epi kwè li ou non, maten an, w ap akwoche w a yon bagay. Gen yon sèl bagay ke w ka viv epi akwoche a li, e se Kris, Pawòl la. Se vre!

202 Remake, pa gen anyen nan Bib la ki tipifye denominasyon yo eksepte Babilòn. Epi Nimwòd te fonde Babilòn, e Nimwòd te yon rebèl. Apre sa, li te gen yon pakèt fanm la a, yo te sipoze rèn li yo, se te pwofetès. Yo menm kwè ke ansyen Balaam soti nan seksyon sa a, yo te gen rasin e latriye. Yo te adore, ou konnen (anpil nan nou entelektyèl ki te li De Babilòn Hislop la, elatriye, ak istwa legliz la), epi ki jan yo—yo te fè. Epi yo te gen fanm ki te fè sa, e fanm yo... yon deyès, ak tout bagay yo, e se te yon reliyon fòse. Tout moun, tout vil alantou Babilòn yo te oblige vinn Babilòn pou adore sou rèy Nimròd nan touw lan. Ou wè? Se vre. Yo te oblige fè li, debat li. Se la konfizyon an vini.

203 Epi se egzakteman sa legliz la ye jodi a, "Si w pa al lekòl di Dimanch, si w pa fè sa, epi yo oblige anboche w pou fè si epi fè sa epi fè sa, ou pa nan dèkò a. "

204 La ba a a nan Tucson, y ap koute maten an, yon fwa mwen te mande m...Mwen te toujou ap kontrenn moun, "Pou al legliz, kèlkeswa kote w ale a." Apre sa, mwen te wè moun yo ou jan rale kò yo dèye, epi al nan direksyon sa a. Kidonk, m te panse, "Ki sa k pwoblèm nan?"

205 Mwen te al kot kèk nan yo, "Premye jou w vinn la a, yo pral apwoche w, 'Fè w manb legliz nou an.' Si ou pa fè sa, ou pa byenvini." Ou wè? Ou wè? Se yon bagay fòse, yo met presyon sou ou, wè, e sa a se Babilòn. Men nan Kris ou antre pa eleksyon; se pa nan fòse, se kè w ki atire w antre.

206 Bondye pat mete Non L nan Babilòn lè sa a. Gade byen kounye a. Li pa ka mete Non L nan Babilòn, legliz yo. Oh, yo, yo mete Non L ladann, men Li pa janm fè l. Non.

207 Ou di: "Eben, kounye a, Frè Branham!" Tann, tann, rete chita jis on minit. Ou mande m rete on ti kal pi lontan. Èske w pa wè? Remake kounye a, yo mete Non L ladann, men pa Li menm.

208 Kounye a, Li di: "Kote ke Mwen pral rankontre nou epi resevwa sakrifis nou, se kote Mwen chwazi mete Non M. Ou antre pa pòt sa a, pòt sa a kote Mwen chwazi mete Non M. Se la a ke w antre."

209 Eben, yo mete: "Sa se legliz Kris la." Si gon bagay ki pa bon nan deklarasyon sa a, se ke li blyie on mo: "anti." Wi-wi, Tout sa Li te anseye, yo pat dakò avè Li. Farizyen modèn.

210 Men fòk nou jwenn kote Li mete Non L, paske se an Li ke ou jwenn sèl pòt la ke Li prevwa. Amèn! Glwa! Gade! Ki kote Li mete Non L? Nan Pitit Li.

211 Ou di: "Oh, tann on minit, Frè Branham. Sa se te Fis la, pa Papa a."

212 Pitit la toujou pran non papa li nan tou lè ka. M vini sou tè sa a nan non Branham paske non papa m se te Branham.

213 Jezi di: "M te vin nan Non Papa M, e nou pat resevwa M." Nou vle Lekriti sou sa? Sen Jan 5:43. Ou wè? "M—m te vin nan Non Papa M, e nou pat resevwa M." Alò Papa an mete Pwòp Non L, ki se "Jezi," nan Pitit la. E Li se Chemen an, Li se Pòt la, Li se Kay la, Li se kote Bondye te chwazi mete Non L. Bondye pa janm mete Non L nan mwen, Li pa janm mete L nan legliz la, Li pa janm mete L nan Metodis la, Batis, Katolik, men Li mete L nan Kris Emanyèl Wen an.

214 E Non an nan Pawòl la paske Li se Pawòl la. Amèn! Kisa L ye alò? Pawòl entèprete a se manifestasyon Non Bondye a. Li pa etonan. "Chè ak san pat revele w sa, men Papa M ki nan Syèl la te revele w sa, Kimoun Mwen ye. E sou wòch sa a M ap bati plas pou adorasyon Mwen, e pòt lanfè yo pap ka souke L fè L tonbe." Amèn! O Legliz Bondye vivan, kanpe nan fondasyon fèm sou Jezikri sèlman. Nou ka chante chante a, men si nou pa sou Kris Pawòl la, nou s on sab kap vasiye, tranble. "Men sou Wòch sa a," Kris, "Pawòl Mwen."

215 Li te bati mesaj Literyen an e yo te denominasyone I. Li tap grandi, machpye a. Apresa L te grandi nan pati janm lan, Metodis la, e latriye. Se la a ke L te bati Legliz Li, sou Pawòl Li! Kounye a, Li pa toutafè on pye ou yon kwis, Li s on kò; e kounye a se pati ki kwafe a. Èske nou te remake nan piramid yo? Ke, m pa preche yon doktrin piramid, kounye a.

216 Men premye Bib ki te janm ekri a, te ekri nan syèl la, zo-...[Pati blanch sou kasèt—Editè a.] Èske n te remake l? Li kòmanse ak vyèj la, premye figi nan zodyak la. Dènye figi a se Leo Lyon an. Li vini an premye pa vyèj la, Li vin apre kòm Lyon tribi Juda a. Jis anvan sa, yon aj kansè, yon pwason kwaze, tout rès laj yo. Si n te gen tan pou al ladan I; ke nou genyen, nan tabènak la.

217 E pira-...piramid la kòm fondasyon sa yo, monte nan chanm wa an. E jis anvan nou atenn setyèm miray la, g on ti planch d entwodiksyon la a, kote yon mesaje soti pou mennen w bay wa a. (Mesaje a, Jan Batis, ki te prezante, bay Wa a.) Men Wòch ki nan tèt la te rejte. E yo pa konn, Wòch Scon lan, oswa kèlkeswa sa I te ye a, yo pa konn ki kote I ye, paske I t on wòch ki rejte. Men se wòch ki kwafe tout bagay la, ki fè I piramid la atravè sèt laj konplè legliz yo. Ajoute gras, ajoute *sesi*, ajoute *sel/a*, gen sèt bagay ki ajoute, dènye an se Kris. Ajoute *sa a* nan charite w lan, ajoute gras nan gras ou a, ajoute on lòt bagay, ak on lòt bagay, jouk li monte nan Kris Wòch ki nan tèt la: "E M se Pòt lan."

218 Kounye a, yon pitit gason toujou vin nan non papa I. Nenpòt pitit gason vin nan non papa I. E Jezi di: "M te vin nan Non Papa M." Alò kisa ki Non Papa a? Kisa ki Non Pitit la? Epi L di: "Yon ti moman epi mond lan pap wè M ankò, poutan nap wè M." Ya, Li te vin nan fòm Sentespri an, Non L se Jezi. Se te pou rezon sa a yo tap adore: "O Jezi!" Ou wè? Ou wè? Papa, Pitit, ak Sentespri: Se Seyè Jezikri. Se tou. "M vin nan Non Papa M, e nou pat resevwa M."

219 Kounye a, sonje, Li te toujou ajoute isi a epi avèti nou: "yon lòt ap vini," yon denominasyon, yon credo. "Y ap vini nan non yo epi n ap resevwa yo. Nou pap resevwa M, Pawòl la ki konfime epi pwouve devan nou."

220 Jan L te ye lè sa a menm, se konsa L ye jodi a. Piga n rate sa, moun yo atravè nasyon sa a! "Yon lòt ap vini, yon legliz, e n ap kwè sa, paske nou ka nenpòt kisa. M pap konfime I." Li pat janm (nan okenn moman, jamè) konfime anyen (nan okenn legliz) andeyò de Mesaj ki te bay la: pa Luther a, jistifikasyon; Wesley, sanktifikasyon; Pannkotis, restorasyon don yo. Apre... E osito yo fè I yon denominasyon, li mouri la a. Fouye Lèzekriti.

221 Men L te di: "M ap chwazi plas pou mete Non M." E Non an se Jezi. E Jezi se Pawòl la, Sen Jan 1. Èske se vre? Sa se plas adorasyon an, nan Kris Pawòl la. "M vin nan Non Papa M."

222 Pwofèt la te di: "Non L va rele Emayèl." Sa se Matye 1:23, si n vle ekri sa. Jezi, Jehovah, Sovè a.

223 Kounye a, vèsè 5 lan montre ke L se Pòt la. A prezan, anpil lòt prèv envizib, Pòtay sa a, ak Non sa a, ak plas sa a ka pwouve ke gen sèlman yon plas kote Bondye rankontre lòm pou adore L, e se lè I nan Kris.

224 Kounye a, kounye a kesyon an se: "Kijan n antre nan Li?" Kounye a, sa ka pichkannen jis on ti kal; men, nou konnen, tankou pran medikaman, si I pa fè w malad, li pa fè w okenn byen. Ou wè?

225 Kounye a, Literyen yo te vle antre yon fason, pa vin asosye ak legliz Literyen. Metodis yo te vle antre pa rele. Pannkotis yo te vle antre pa pale an lang. Se toujou pa sa! Ou wè? Non, sa se don, elatriye. Men En Korentyen 12 di: "Pa yon sèl Lespri." Lespri Bondye, ki se Sila ki bay Lavi a Pawòl la (Semans lan), pou konfimen Semans sa a pou sezon sa a. Ou wè?

226 Men semans laj Metodis la poze la a, li te pran Sentespri a pou fè semans sa a vini a lavi epi pi...pirifye legliz la pa sanktifikasyon; Luther pat preche sa, paske I pat konnen I.

Pannkotis yo te vle pale an lang pou restorasyon don yo. Chak gress deklare: "Se Sa! Se Sa!" Ou wè?

227 "Men pa yon sèl Lespri nou tout batize nan yon sèl Kò," e Kò sa a s on fanmi, fanmi Bondye a. E se kay Bondye a, e kay Bondye a se Non Jezikri. "Non Seyè a s on Tou ki pwisan, jis yo kouri antre ladan L epi yo an sekirite."

228 Kounye a, kijan w pral antre pa yon tit? Kijan yo pral resevwa chèk ou a nan di: "Peye sou lòd Reveran, Doktè, Minis"? Ou wè? Ou wè? Ou ta ka yon reveran, doktè, minis. Men *non* Seyè a se "Jezikri." Ou wè?

229 M te chwazi mete Non M nan pòt kay la a pou adorasyon Mwen, pou fanmi M sa rasanble anndan la a anba San an; jan sa te ye nan Ejjip, nenpot bagay ki te deyò te mouri. E anndan la a pa gen pen ak leve! Pa gen melanj denominasyonèl nan Li pyès kote, kay Mwen! Pitit Mwen yo, te ne de jèn Mwen!" Amèn! Glwa pou Bondye! "Jèn Mwen nan yo! Pa M...M met Pawòl Mwen nan yo. M ap ekri yo sou tab kè yo. Se fanmi M, fanmi Kò Jezikri an; fanmi an. E n ap antre nan pòt sa a, pa Metodis, Batis, oswa Pannkotis, men nan pòt kote M mete Non M lan." Li pa Metodis. Non Bondye se pa Metodis. Non Bondye se pa Pannkotis. Non Bondye se pa Batis. Non Bondye se pa Katolik. Alò ret deyò pòt yo. Ou wè? Ou wè? Ou wè?

230 "Men nan yon plas kote M te chwazi pou mete Non M." Kounye a, pa g on lòt plas nan Bib kote Bondye jamm mete Non L, sèlman nan Jezikri, paske L se Pitit Bondye ki pran Non Bondye, ak Non imen Bondye. "E pa gen lòt non ki bay anba Syèl la ke w dwe sove pa li." Pe enpòt, Metodis, Batis, Presbiteryen, catechis, oswa kèlkeswa sa w vle fè a; sèlman nan Non Jezikri kote chak jenou va plwaye epi chak lang va konfese I, Limenm ki se Seyè. Men kòman nou antre.

231 E si w te batize nan dlo kòrèkteman, epi ke ou renye Pawòl la apre, alò ou ilejitim; nesans ou pat kòrèk. Ou pretann ke w te kwè L lè sa a, epi ou renye L.

232 Kijan m te ka renye fanmi m? Lè...Kijan m te ka renye Charles Branham antan ke papa m? Yon tès san sou pòt la montre I. Wi-wi.

233 Aksyon m, ak konfirmasyon Pawòl Bondye nan vi m montre si m s on pitit Bondye ou non. Kounye a, men sèl plas Bondye a. Ou wè li? Sèl plas ke Bondye ap resevwa sakrifis ou a (pe enpòt kijan w sensè) se nan Kris.

234 E sonje... Ou di: "Ebyen, m te kwè; m antre, tou." Sonje, Bib lan di... Ou di: "Ebyen, Bib lan di: 'Kèlkeswa moun ki kwè ke Jezikri se Pitit Bondye, li sove, pral sove.'"

235 Li di sa, men sonje li ekri *tou*, li ekri *tou*: "Okenn nomm pa ka rele Jezi Kris la, sèlman pa Sentespri a." Ou wè? Ou ta ka di: "Se sa L ye,' men Li pa sa tan ke Sentespri a Limenm, ki bay Lavi a Pawòl la, pwouve l pa konfirmasyon, ke w se pitit Bondye a. Sa se Lekriti.

236 "Plas ke m te chwazi pou mete Non M. Nou pap adore nan okenn lòt pòtay, men nan pòtay kote M mete Non M ladann; lè sa a M ap resevwa w, ou nan fanmi M."

237 Kounye a, fanmi Bondye a obeyo a lòd Papa fanmi an. "E Li se Prens Lapè a, Bondye Pwisan an, Papa ki etènèl la; e domèn Li ak rèy Li pap gen okenn fen, gouvènman an pral sou zepòl Li." E Limenm antanke Gouvènè an, Wa, Emanyèl, Premye, Dènye, Prens Lapè, Bondye Pwisan an, Papa etènèl, chak nan pitit Li yo obeyi chak Pawòl nan lòd paske yo s on pati nan Li.

238 Nou viv nan kay nou tankou Branham yo viv. Nou viv nan kay nou, Jones yo, tankou Jones yo viv.

239 E nan Kay Bondye a nou viv pa Pawòl Bondye a e tout Sa ki sot nan bouch Bondye; e nenpòt lòt, magouyè, nou pap koute l. Ou wè? "Nou pral manje pen san leven, chak laj legliz, jis jan M ba ou L." Men pa eseye tounen epi enjekte sa nan Sa a, paske li vin nan yon tij. "Ou pral pran zo ak bagay ki ret sou sakrifis la epi boule yo!" Pati, laj legliz la mouri, li kontinye; nou nan yon lòt kounye a. Amèn!

240 "Plas Mwen te chwazi pou mete Non M ladann." O la la! En Korentyen 12.

241 Remake Efezyen 4:30.

...pa fè Sentespri Bondye a lapenn, ke se pa Li nou te sele jouk...(pwochen revèy?)...jouk *jou* delivrans *nou*.

...pa fè Sentespri Bondye a lapenn, ke se pa Li nou te sele jouk *jou* delivrans *nou*.

242 Kounye a remake. Ann aplike sa pou lesyon Ekriti nou an. Alò pito n ale; m panse m ap fatige moun yo. Ou wè? [Yon moun di: "Non, ou pa fè l, Frè Branham."—Editè a] Gad isi a, moun ap leve epi al lakay yo, nou wè, kidonk yo gen—yo gen dine k ap kwit, epi yon moun yo vle rankontre. Yo pat atann yo pou desann isi a pou koute pandan tout jounen an. Ou wè? Men, gade, nou konn...

243 [Frè Ben Bryant te di on bagay—Editè a.] Ben, o, m ta dwe travay sou ou! Se pou w beni! Mèsi, Frè Ben. M renmen w, Frè Ben.

244 Si n konn kisa gason sa a te soufri pou nou nan gè sa a; yo te tire sou li, epi te eksplode, ak tout lòt bagay. Li te g on lavi tout bagay, men Bondye te beni l. Li te ret fidèl. Madanm li te kite l, te chape epi te marye ankò, epi te pran pitit li yo. O la la, m jis pa ka panse a sa.

245 Men, kanmenm, Bondye beni w, Ben.

246 Li lonje la a, ak plen ekla obi, ap prese kont nè l yo ak tout lòt bagay. Nou dwe konnen sikonstans bagay yo, nou wè. Bondye beni gason sa a. Wi.

...ke nou te sele pa li jouk nan jou redanmsyon nou an.

247 Remake! Kounye a sa te ka pichkannen jis on ti kal, men remake. Pa fè kont avè m. Men sonje.

248 Lè Izrayèl te gade sou pòt lan, ak san sa a sou pòt la, non an (san an, lavi an), epi te antre anba san sa a, yo pat janm soti ankò jouk yo te soti Lejip.

...pa fè Sentespri Bondye a lapenn, ke se pa Li nou antre epi pa soti ankò jouk jou ke nou rachte sot ladann. (Ou wè?)

249 Nou konnen, Bib lan toujou gen rezon. Li met Pawòl lan andann La a, nou dwe plase L kote L ale, pou fè L, fè imaj redanmsyon an an antye. Ou wè? Ou wè?

...pa fè Sentespri Bondye a lapenn, ke se pa Li nou te sele jouk jou delivrans nou. (Jouk nou rachte.)

250 Nou sele anndan la a, nou anba San an. Nou pa soti ankò. E alò kisa n ye? Pitit Bondye nan fanmi Bondye, sele anndan pa Sentespri a. Dyab la pa ta ka mete n deyò si l te dwe fè l; paske n mouri, pati ansyen mari nou mouri; e n antere, e lavi nou kache nan Bondye nan Kris, e sele pa Sentespri a. Ou wè? Kijan l pral pran w? Kijan w pral soti? Ou la a! Glwa! Kounye a m ap kite sa trankil; jis ase konsa n ap konn de kisa m ap pale.

251 Apresa yon nouvo kreyasyon, pa yon denominasyon men pou Pawòl la. Nou s on nouvo kreyati de Pawòl la. Paske wòch fondasyon an te poze nan nou anvan fondasyon mond lan, te predestine pou se pittit gason ak pitit fi Bondye.

252 E sou sa a wòch vin sou wòch, nan chak aj, pou konfime Pawòl sa a k ap monte, jis egzakteman jan Jezi te di nan aj Li a, ki se, Wòch ki kwafe tout. Nan Li tout aj te poze. Nan Jezi te gen Moyiz. Nan Jezi te gen David. Nan Jezi te gen pwofèt yo. Èske se vre? Gade Joseph, yo te vann li pou prèske tranntwa pyès lajan, te jete l, te sipoze mouri, anlve, t ale epi vin nan men dwat Farawon. Gade, egzakteman, Jezi te...Joseph te nan Jezi.

253 E lè L vini, Li te wa yo an plen, pwòfèt yo (alelouya), kò divinite a te repoze nan Li. Li vin rachte yon Epouz sot la a, yon Chedèv. Yon Chedèv ki di Satan ke...

254 Lè I di: "Jou mirak yo pase. Pa g okenn bagay tankou bagay sa yo w ap pale yo."

255 "Met kò w dèyè m, Satan." Ou wè? Ou wè, yon Chedèv ki kanpe epi kap veye.

256 Yon lè Wòch ki kwafe a ap retounen, tèt tout sa a, epi ap resevwa Epouz la nan Limenm; ke fanm lan pran sot nan lòm, yon pati de lòm. Chak...Jèn nonm lan nan fanm lan, sa k fè fanm lan. E se fason sa a Pawòl Bondye a ye nan Legliz la, sa k fè Legliz la Epouz la. Pa yon denominasyon, sa sot nan dyab la, chak nan yo. M pap rele moun ki ladann sa; yo se dè pòv moun yo twonpe, tankou Jezi te di: "Avèg k ap kondwi avèg la." E L pat ka rele yo soti.

257 Epi yo te di: "Pouki, ou fèt nan fònifikasyon! Kimoun ki di w pou vin isi a? Ki lekòl, ki seminè te rekonèt ou?" Te di: "Nou gen Moyiz. Nou se..."

258 Li te di: "Si n te konnen Moyiz, nou tap konnen M."

259 Paske Moyiz te ekri L nan kat liv li yo: "Seyè Bondye nou an va leve yon Moun kap Bay Pawòl la, yon Pwofèt ki sanble m, e moun ki pap tande Pwofèt sa a y ap koupe I sot nan mitan moun yo." Se tout sa k gen nan li. E kisa L ye? Pawòl la. E kisa Sa ye? Pa kite okenn nan leven an rete nan...Jis pa mete okenn leven nan mitan L. Pa ajoute okenn kredo, okenn denominasyon, paske li polye la a menm, sakrifis nou fini.

260 Ann prese kounye a, byen rapid, konsa nou ka al manje.

261 Remake! Kounye a, lè sa a, ou s on pitit Bondye, nan kay Bondye, ou s on pati nan ekonomi Bondye. Women 8:1: "Alò pa g okenn kondanasyon pou sila yo ki nan Kris Jezi." Paske yo mouri pou mond lan, vivan nan Li, e y ap viv nan jou prezan sa a, ap fè Pawòl ke Bondye te sèvi avè yo, oswa te òdone yo davans, plase non yo nan Liv Epouz sa a. E lè Dlo yo vini sou semans sa a ki nan kè a, leve I monte nan Epouz Kris la. O la la! Jis pafè jan I ka ye. Nan chak aj li te fason sa a.

262 Literyen yo, anba jistifikasyon, pye yo, te leve I kon sa; Wesley, anba sanktifikasyon. Pannkotis yo anba bra yo, zèv ak zak yo e latrìye, te dwe Kalvinis...oswa te dwe Amenyen, te dwe legalis. Men kounye a nou vin nan tèt la, wòch ki kwafe a. Wòch ki kwafe a te rele: "Gras! Gras!"

263 Wòch nan tèt la tap kriye kisa? "Gras! Gras!" Te pase sot nan lanmò ak kredo, al nan on Pawòl vivan de Bondye vivan an. Sèl plan Bondye te bay pou laj Li a, pitit Li yo nan aj Pawòl la te vivifye pa Lespri a tankou yon etensèl ki te limen on bagay pou rann li vivan; epi

chita kounye a nan plas selès yo (o preznan), déjà vivan epi soumèt a chak pwomèt nan Pawòl la. Apresa kisa sa fè? Oumenm kòm on pati de jèn Bondye, on pati de Pawòl la, lòt nonm on pati de Pawòl Bondye a, chita ansanm, manifeste Kò Kris la an antye, paske pa g okenn leven nan mitan nou. (Ou wè de kisa L ap pale, Frè Brown?) Okenn leven nan mitan nou, jis Pawòl la sèlman, chita nan plas selès yo, nan pòt kote L mete Non Li: Kris Jezi.

264 Pa gen leven nan mitan nou, ki pote tout plenitd de kò divinite a nan mitan nou. Pat ka fè I nan laj Luther, pat ka fè I nan laj Wesley, pat ka fè I nan laj Pannkotis; men nan jou lè Fis de lòm lan va manifeste, revele, mennen Legliz lan tounen ansanm ak Divinite Bondye a an antye nan mitan pèp Li, ap montre menm siy vizib yo, ap manifeste Tèt Li tankou L te fè nan kòmansman an lè L te manifeste sou latè nan yon fòm de yon Bondye-Pwofèt. O! Glwa! Ke Malachi 4 te pwomèt, ke rès Lèzekriti yo te pwomèt. Ki kote w adore? Kay Bondye a, chita (o preznan).

265 Kounye a, rapid, annou gade jis byen vit kounye a, epi apre kontinye sou...Nan di minit n ap pati, si Seyè a vle.

266 Kounye a annou gade kèk ki te vivifye nan kay Bondye a, nan laj yo a.

267 Enoch! (Nan di minit nou prale, si n ka jis soufri sa pi lontan.) Gade, Enoch te Pawòl vivan Bondye nan laj li, li t on pwofèt.

268 Yon Pwofèt se sa ki bay reflè Bondye. Konbyen moun ki konn sa? Sa ki bay reflè a—a pa bay reflè tèt li, moun ki bay reflè a—a se pa reflè a. Dwe g on bagay ki frape sa k bay reflè—reflè a pou fè I reflete. Kidonk on pwofèt s on vesò ke Bondye chwazi ki pa ka bay reflè anyen ditou sòf li nan liy dirèk ak reflè sa a, Bondye, pou reflete imaj Kris la, Pawòl la. Ou wè, anyen lòt pa ka fè I. Ou s on moun ki bay reflè, se pou rezon sa a pwofèt la dwe manje liv la. Se pou rezon sa a li dwe manje woulo an. Li dwe bay reflè Pawol sa a pou laj sa a. Nou konprann li?

269 Remake Enoch, sa k bay reflè pafè Bondye a nan tip. Lè Bondye te fin—fin avè I, Li te jis anlve I, te pran I monte. Mekanik ke I te bay reflè yo vin dinamik yo ak Lespri a, epi te pran I monte.

270 Menm lan nan jou Eli yo. Eli, menm pou zosman I, kote reflè sa a...Sak reflete Bondye nan kò I ki te manifeste Pawòl Bondye a. Yo te lonje yon nonm mouri sou li, li te fè I tounen nan lavi ankò. Nou se chè ak zo L, toutotan nou se Epouz Kris la. Èske n kwè sa? Trè byen. Li te mouri pou nou, e nou te mouri pou tèt nou epi te antere nan Non L, ke n “pa tap nan mond lan ankò, men nan Li,” se de Li toude fanmi nan Syèl la nonmen aprè Jezikri. Sa se Efezyen 1:21. Paske toude Syèl...fanmi an nan Syèl la. Fanmi nan Syèl la nonmen kisa? Jezi.

Fanmi sou latè nonmen kisa? Ebyen, se kay Bondye a kote San an ye. Èske se vre? Se pòt la, se pòtay la, se plas Li mete Non L, e Pawòl la te fèt chè epi te abite nan mitan nou. Se reflè Pawòl la epi k ap limen laj ke n ap viv ladann lan. Se sa L te ye, se sa Moyiz te ye, se sa Jacob te ye, se sa rès yo te ye, ap limen Pawòl Bondye sa a, sila ki bay reflè ke Bondye t ap reflete Tèt Li. E vin nan imaj Bondye pafè sa a, Jezikri, Chedèv Bondye; te frape konsa L te ka pran rès nan yo pou yon Epouz ki te dè moun ki bay reflè.

271 Moyiz te nan Li. Jozye te nan Li. E si w nan Li, ou te nan Li anvan fondasyon mond lan, fanmi Bondye a; ou te soufri avè L, ou te mouri avè L, ou t al sou lakwa avè L, ou te leve avè L; e kounye a ou toujou avè L, chita nan plas Selès yo, ap bay reflè Mesaj laj la bay mond lan, Limyè mond lan. "Ou se Limyè mond lan," men si I kache pa yon panyen pòsyon denominasyonèl, kòman yo pral wè L? Paske tradisyon nou yo, nou fè Limyè a san efè! Nan eseye...Noumenm denomnasyonèl yo, ap eseye kenbe Limyè a lwen legliz nou an; nou pap antre, nitou nou pap kite yo antre. Amèn.

272 Ann jis kanpe. O la la, m gen twòp isi a. Nou—nou te ka kontinye...O la la! Senk minit nou genyen.

273 Nou wè kimoun pòt la ye? Ki kote Bondye te met Non Li? Nan Jezi. Kijan nou antre nan Non L? Kijan n antre la a? Pa batize anndan la a! Kijan? Pa dlo? Pa Lespri! "Yon sèl Seyè, yon sèl lafwa, yon sèl batèm." Se batèm Sentespri.

274 Batèm dlo a jis mete w nan fraternite ak moun yo, ke w te rekonèt ke w te asepte Kris. Sa se Laverite. Men se batèm Lespri. M ka rele Non Jezi sou ou epi batize w, sa pa fè I vin konsa.

275 Men lè yon fwa Sentespri sa a vrèman...Pawòl otantik antre nan ou (Pawòl la, Jezi), lè sa a, frè, Mesaj la pa okenn sekrè pou ou lè sa a; ou konnen L, frè, Tout limen devan w. Alelouya! Lwanj pou Bondye! Amèn!

Mwen renmen Li, mwen renmen Li

Paske L te renmen m an premye,

E te achte sal-...

Chè Bondye, M priye ke W ap geri moun sa yo, Seyè, epi fè chak gress nan yo an byen. Nan Non Jezikri. Amèn.

276 O! Lanmou! O!

Depi lè, pa lafwa m te wè kouran sa a

San W kap koule te bay, (sot nan Chedèv sa a)

Lanmou ki rachte te tèm mwen,

277 Kijan w ka...Bondye se Lanmou. "Sila ki renmen vin de Bondye," lanmou diven, sen, pa lanmou sal; lanmou pwòp, pi, sen, lanmou Bondye Pawòl la. "M te kache lwa W yo nan kè m, ke m pa peche kont Ou," o la la, ke David te rele. Èske L pa mèveye? Èske n pa renmen L?

278 Kounye a, g on Chimen, yon Chimen pi, sen, yon sèl plas pou rankontre ke Bondye ap rankontre w. Pa paske w di: "Bondye, kounye a, m s on bon Metodis. M s on bon Batis. M s on bon Pannkotis." Non! Paske w nan Jezi Pawòl la, pati nan Pawòl la ki tap manifeste pou jodi a, Mesaj jodi a; pa pa Luther a, pa Wesley a, Pannkotis; men Jezi nou nan, reflè a, ki monte nan sa a. Nou pa ka tounen nan sa, sa se ajoute leven nan Pen sen nou an, ke: "Lòm va viv pa chak Pawòl ki sot nan bouch Bondye, nan sezon L."

279 O vini, Seyè Jezi, gran Pyè angilè a. Gade ki lonje laba a, pousyè Literyen sa yo ki te mouri anvan laba a anba mati; gade Metodis sa yo.

280 Pannkotis sa yo e latriye, ap monte kounye a, vrè liye sa a ki soti.

281 Noumenm Asanble de Dye yo t al òganize, lè bagay Bondye a menm te fè n soti ladann, nou te tounen dwat tankou on kochon nan patojwa l.

282 Noumenm Initè, Reyini, ansyen J.C de...Asanble Pannkotis Jezikri yo. Youn pou nwa yo, epi te separe tèt nou poutèt segregasyon. Noumenm ki te fè sa, epi apre te reyini tèt nou epi rele l "Reyini." Epi apre te òganize, epi te eksite sou Asanble yo: "Tankou yon chen tounen nan vomi l." Si vomi an te fè chen an malad an premye, èske l pap fè l malad ankò? Chanje dyèt ou sot nan denominasyon w la pou Pawòl la, epi viv ak Kris. Wont pou nou!

M g on Papa bò lòtbò a,

M g on Papa bò lòtbò a,

M g on Papa bò lòtbò a,

Sou lòt rivaj la.

Yon jou klere m pral wè Li,

Yon jou klere...pral wè Li,

Yon jou klere m pral wè Li,

Sou lòt rivaj la.

O, èske se pap yon bél rankont,

Èske se pap...(Pawòl al jwenn Pawòl!) rankont,

(Lè Epouz la monte, Pawòl pa Pawòl.)... bél rankont,

Sou lòt rivaj la.

O, jou klere sa se ka demen,

Jou klere sa se ka demen,

Jou klere sa se ka demen,

Sou lòt rivaj la.

283 Ou di: "Ou panse sa, Frè Branham?"

284 Wi, mesye! Lè Literyen laj sa a, Wesley laj yo a, pannkotis laj yo a (vrè yo, pa denominasyonèl yo); Pannkotis yo, sila a ki te ajoute leven (denominasyon yo), te mouri. Men vrè Pawòl sa a ap avanse, ou wè. Jis tankou Jezi te di: "Nan jou sa a, nou pral konnen ke Mwen nan Papa a e Papa a nan Mwen, e Mwen nan nou e nou nan Mwen." Se tout Pawòl la!

O, èske se pap yon bél ran-...(lè pitit Li yo rasanble nan pòtay Li a)

...bél rankont,

Èske se pap yon bél rankont,

Sou lòt rivaj la.

285 Kounye a, legliz, n ap anseye kounye a. Men, sonje, lè n kite isi a, kòmanse bouje sot nan pay la kounye a; nou pral nan grenn lan, men lonje nan Prezans Pitit la. Pa ajoute, sa m te di; pa retire, sa m te di a. Paske, m pale Verite a otan ke m konnen L, jan Papa a te ban mwen. Ou wè? Pa ajoute nan Li, jis di sa m te di.

286 Bagay la se ke, jis di moun yo pou yo vin chache Seyè Jezi. Epi nou noumenm lonje dwat nan Prezans Li, jis fè lanmou avè L: "O Seyè Jezi, Pitit Bondye, m renmen W. Atandri kè

m, Seyè, Retire tout salte ak lanmou pou mond lan, epi kite m viv sen nan mond prezan sa a devan W.”

287 Ke n koube tèt nou pou lapriyè. Kounye a, ann wè, èske n te chwazi yon moun pou voye ale nan lapriyè? Oswa, m pral fè l, alò. Vrèman gen respè.

288 Chè Bondye, nou di W mèsi ke n te gen dyèt espirityèl nou a. Nou di W mèsi, Seyè, ke vitamin Pawòl la fè ptit Bondye yo grandi. Li pa afekte sou okenn lòt kalite karaktè, sèlman sou ptit gason ak ptit fi Bondye. Kidonk nou di W mèsi pou Sa. E nou priye, Bondye, ke n ap pwofite de li, ke n pap sèlman di W mèsi. Nou di W mèsi pou Sa, men se pou n sèvi ak fòs la pou eseye (pa Lanmou) konvenk moun pou yo kwè nan Bondye nou an; rebèl la, pechè yo, fanm yo, mesye yo, ti gason yo, tifi yo, nan laj sa a.

289 Nan wè, Seyè ke kondisyon mantal yo, laj nève ke moun yo viv ladann, I ap fè yo pèdi tèt yo; pou akonpli egzakteman sa Lekriti te di epi te pwomèt, gwo bagay lèd yo tap vin sou latè a; tankou sotrèl, pou ante fanm yo ki coupe cheve yo, yo pral gen cheve long tankou yon fanm. Ak diferan vizyon trè lèd ke y ap ka wè, Seyè, nan kondisyon mantal sa a, ki twonpe yo ladann lan, epi apre rele fò pou wòch yo ak mòn yo. Fanm ki tap fè manman pou chen ak chat, epi pa leve timoun pou onore W. Sila yo ke W te bay timoun epi yo te fè yo, epi lage yo nan lari pou yo fè jan yo vle. Pa etone W te di, Seyè, lè W ta pral sou kwa a: “Alò yo pral kòmanse rele pou wòch yo ak mòn yo tonbe sou yo.”

290 Nou wè chak lòt bagay ap deplase monte dwat nan tan sa a. Nou wè Lekriti k ap konfime, te pwouve. E jis antan n wè Sa, Seyè, Oumenm ak pwòp je nou (ki te manifeste), yon jou pral g on Anlèvman e n ap wè manifestasyon Pawòl sa a: “Paske Fis de lòm lan va vini nan nyaj lagwa yo, ak sen Zanj Li yo avè L, e n ap pran monte pou rankontre L anlè.” Li pral lè sa a...Nou tande li kounye a, lè sa a n ap wè l ak pwòp je nou.

291 Se pou yo jwenn nou nan Li, Seyè, sèl plas ki bay la. E L se Sakrifis la. Nou pote L, sa n tande sou li a, Jezikri, nan kay Bondye a pa batèm Sentespri a, nan Non Jezikri. E Sakrifis nou an asepte la a e yo mennen nou nan fanmi an; paske, kwake n ap ere nan mond lan, yo te òdone nou ptit gason ak ptit fi Bondye anvan fondasyon mond lan. Mèsi pou sa, Papa. O, kijan yon moun janm vire do sou on bagay kon sa, lè yo te jwenn Laverite, ke Bondye te chwazi yo sot nan mond lan? Te gen dè milyon ki te pèdi, jou ke m te sove a.

292 O Ayo k ap mouri, kijan m ka janm di W mèsi? Kijan kè m ka janm gen respè ase devan W? Ede m, chè Bondye, pou m viv fidèl. Ede moun mwen yo viv fidèl. M priye pou yo, Seyè, chak moun, ke W va fè l. Bondye, on jan, m pa...m pa tap konn kijan...m pa konn kijan, jis kijan pou mande, Seyè; e petèt m pa menm ap mande sa nan bon mannyè a. Men padone

iyorans mwen, Seyè, epi jis gade kè m. M priye ke pa yon sèl nan yo ap pèdi, pa yon sèl nan yo, Papa. M reklame yo, chak moun, pou Ou. Nan Non Jezikri. Amèn.

Mwen renmen Li, mwen...

E si n renmen L, nou renmen youn lòt. Bay youn lòt lanmen.